
NOMER: 37/I-2020

Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN (KUNDHA KABUDAYAN)
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Laku Prihatin
Agem Tumrap
Wong Jawa



jogja istimewa

UlukSalam

Megeng Lampah Pasa



Salam Budaya
Lestari Budayaku

LAMPAH pasa tumrap tiyang Jawi, inggih sampun kalumrah, sampun dados pakulinan. Kepara lampah pasa ugi kangge sarana anggenipun sama gegulang ing lantiping budi. Pramila, pasa sampun dados budaya ingkang dipunantepi dening tiyang Jawi. Kalebet lampah pasa miturut tuntutan agamanipun piyambak-piyambak. Sinten kemawon ingkang badhe megeng lampah pasa kedah sinartan manah ing menep, madhep, mantep, karep. Pasa pindhanipun kados mangsah jurit, beberat sedaya dur angkara, nepi sumingkir saking pedamel awon, lan mituhu dhawuh Dalem Gusti Allah.

Majalah SEMPULUR edhisi 1 tahun 2020 sowan para maos wonten ing suwasana pageblug virus corona ingkang nyarengi tumapakipun wulan Pasa utawi Romadon. Kawontenan menika inggih saged dados sarana anggen kita sami manembah lan dhedhepe dhumateng Allah SWT. Pasa inggih ugi saged kangge sarana nyuwun kawelasan mugi Gusti Allah SWT enggal mungkasi musibah wabah lan paring nugraha bagas waras luwar saking sedaya penandhang. Amin.

Minangka kalawarti budaya, SEMPULUR tansah ngudi murih warta kridha masarakat DIY ing babagan kabudayan lan yasan kreatif seni lan budaya ingkang sami dipundamel saged dados panyengkuyungipun manah ingkang teguh tatag, tandang ingkang sakalangkung greget, damel kupiya amrih budaya tetep majeng lan murakabi kagem sedaya warga.

Mugi-mugi SEMPULUR inggih tansah saged sempulur, lelumban ing bebrayan agung, seni-budaya Ngayogyakarta Hadiningrat. Sugeng maos, nuwun.

Aris Eko Nugroho, S.P. M.Si.
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

ALAMAT REDHAKSI
■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POSEL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

Ringkes



DUWUNG Kanjeng Kiai Naga Siluman. Keris pusaka Pangeran Dipanegara. Kondur wangsul saking Negari Walandi dhateng Jakarta. Pamarentah Negari Walandi ngunduraken pusaka Pangeran Dipanegara awujud Duwung. **4**

KRATON Ngayogyakarta Hadiningrat rikala tanggal 9 lan 10 Maret 2020 kepungkur nganakake Simposium Internasional Budaya Jawa ingkang kaping 2.



8



PAMARINTAH DIY lumantar Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY terus nggrengsengake bab ngrembaka lan lestarine kabudayaan. Ing wulan Juni 2019 Disbud DIY mangun Tim Pengembangan Kethoprak lan Tim Pengembangan Sandiwara Radhio **22**

SENDHANG Kasihan ing Dhusun Kasihan, Desa Tamantirto, Kecamatan Kasihan, Kabupaten Bantul, kurang luwih 7 kilometer saka punjere kutha Ngayogyakarta arah ngidul ngulon.



40

KATERANGAN GAMBAR SAMAK NGAREP



Adhegan Kanjeng Ratu Kidul miyos nitih kreta kencana, nalika gelar Kethoprak Milenial lakon Lampor kang katindakake dening para paraga mudha kethoprak DIY ing Beber Kethoprak Rebon, Program Dinas Kebudayaan DIY tembayatan kalawan Tim Pengembangan Kethoprak DIY mapan ing Gedung Socitet Taman Budaya Yogyakarta. (foto-ifid khusnul)

tasteofjogja | kebudayaandiy | budaya.jogjaprov.go.id

PEMIMPIN UMUM ■ **Aris Eko Nugroho, S.P., M.Si.** | PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Rully Andriadi, S.S.** | PENANGGUNG JAWAB REDHAKTUR ■ **Purwadmadi** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Dra. Sri Eka Kusumaning Ayu** ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** | EDHITOR ■ **Al. Sugeng Wiyono** ■ **Hayu Avang Darmawan** ■ **Budi Nugroho** ■ **Dian Korprianing** ■ **Setya Amrih Prasaja, S.S** | SEKRETARIAT ■ **Siti Nurhilmi** ■ **Tinto Bondan** ■ **Zita Uttungga** | JURU GAMBAR ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono** | LAYOUTER ■ **Y. Yustiananta** ■ **Ariyanta**

ISSN 2085-2673

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta

mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

Pasa Mungguhe Wong Jawa

SABEN mlebu ing sasi Pasa, tumrape wong Jawa, banjur ngelingake marang Riyaya Bakda utawa Idul Fitri dalasan adat tatacara sing melu mengkoni. Sawuse rampung anggone nglakoni pasa sajroning sesasi, wong-wong Jawa ing dina Riyadi Bakda padha sungkem marang tuwa saperlu asung pangabekti. Ana ing kalodhangan iku, sing padha ngabekti padha nyuwun pangapura saka kesalahan-kesalahan sing wus tau dilakoni. Ana ing jagading pewayangan dicritakake, Abiyasa, sesepuhe para Pandhawa, sabubare mratapa (ora mangan ora ngombe sarta ora sare) banjur disedhiyani dhaharan enak-enak dening mantune Kunthi lan Gendari. Ora mung kuwi bae, ora mangan ora ngombe sing diwujudake ing laku, mungguhe wong Jawa banjur tumus ing maneka warna sebutan, upamane tapa ngrame, tapa ngrowot, tapa mutih, lsp. Kabeh iku saperlu kanggo meper dhiri saka sakehing pepinginaning sing tlonjonge gawe reridhu.

Pasa satemene sawijining laku kanggo ngendhaleni lan mawas marang awak pribadi sajroning ora mangan lan ora ngombe. Ngampet pepenginan kaya ngono mau ora gampang menawa ora linambaran ati sing sumarah kanggo manembah. Mula mungguhe wong Jawa, sapa sing gentur pasane iku ateges wus nuju marang urip sing tentrem. Ing sasi Pasa, umat muslim utamane, padha "mesu budi", ngampet saka sakehing pepinginan supaya pangibadahe bisa sampurna. Ewa samono, ana adat Jawa sing melu ngrenggani laku kasebut lan saya nambahi endahe urip bebrayan ing masarakat. Pasa mungguhe wong Jawa, dadi perangane adat nduweni piguna/fungsi sosial sing nuwuhake solidharitase bebrayan agung/masarakat. Kawawas cara kultural, pasa nuwuhake jathidihiri/karakter sawenehing wong lan gedhene tumrape masarakat. Kala-kala, ing mangsane netu dinane anak, wong tuwa sedina sawengi sengaja pasa, cecegah, saperlu ndongakake kanggo keslametan lan kaluhuran anak sarta tedhak turune. Pasa iku wus dadi perangane wong Jawa wiwit jaman kunane, muga-muga iku terus sempulur.

DHANU PRIYO PRABOWO



Kanjeng Kiai Naga Siluman Kondur Kanjeng Kiai Bathang Gajah Digoleki

DUWUNG Kanjeng Kiai Naga Siluman. Keris pusaka Pangeran Dipanegara. Kondur wangsul saking Negari Walandi dhateng Jakarta. Pamarentah Negari Walandi ngunduraken pusaka Pangeran Dipanegara awujud Duwung. Keris kasebat dipun serahaken dening Menteri Pendidikan Belanda Inggrid Katharina van Engelshoven dhumateng Duta Besar Indonesia ing Belanda I Gusti Agung Wesaka ing Kedubes RI (KBRI), Den Haag 3 Maret 2020 enjang. Keris punika dipunyakini dening para jamhur Walandi dalah Indonesia, kagungan Dalem Pangeran Dipanegara.

Miturut laporan keris punika dipunsumbangaken dhateng Raja Willem I dening Kolonel Cleerens ing taun 1831, salajengipun dipunpapanaken ing Koninklijk Kabinet can Zeidzaamheden. Nalika lembaga punika dipunbubaraken ing taun 1833, koleksi nipun dipunbage ing museum Walandi.

Salah setunggaling jamhur ingkang asma Pieter Carey nalekaken bilih salah setunggaling pusaka Pangeran Dipanegara ingkang dereng kepanggih injih keris Naga Siluman. Keris punika dening para ahli Indonesia utawi Walandi ugi tansah dipunupadi. Duwung kagungan Dalem Pangeran Antawirya utawi Pangeran Dipanegara punika tansah dipunsikep dening Pangeran Dipanegara nalika mimpin pasukanipun mbebasaken kawula alit saking panindhesing pasukaning Walanda. Pasukanipun Pangeran Dipanegara andadosaken repotipun pasukaning Walandi ingkang dipunpimpin dening Kapten Hendrik Merkus Baron van De Kock.

Angger dipunkepung dening serdhadhu Walandi Pangeran Dipanegara tansah saged lolos. Lan malah bekta bebanten ingkang ageng saking pihak Walandi. Walandi judheg lajeng damel satunggling bedhamen kangge nyepeng Pangeran Dipanegara. Dening Walandi dipunsiagaken satunggiling griya ing Dalemipun Residen Kedu ing Valk Magelang ingkang sampun dipunrancang kangge nyepeng Pangeran Dipanegara. Miturut sujarah bab punika kedadosan ing dinten Minggu 20 Maret 1830.

Saestu Walandi saged nyepeng Pangeran Dipanegara ing Magelang lan duwung ingkang dipunagem ugi dipun bekta dening Walandi. Perlu kawuningan bilih Pangeran Dipanegara satunggaling priyagung Jawi ingkang mboten nate lowong anggenipun manembah Pangeran. Tekadipun Pangeran Dipanegara ugi badhe ngluwari panandhanging kawula alit karana dipun tindhes dening Kompeni. Dene duwung punika lajeng kapundhut minangka tandha kemenanganing Walandi lajeng kaserahaken dhateng Raja Wilem I.



Miturut Serataning tansah dipunagem Pangeran Dipanegara awujud kinatah Emas, naganipun makutha emas. Keris kaboyong dhateng negari Walandi. Malah sampun nate dipunasta dening Putra Mahkotanipun Raja Prusia ing tahun 1930-an. Lan ing tahun 1936 keris punika dados dredah lan andadosaken Perang Dunya I.

Senthot keris ingkang keris Naga Siluman ingkang mawi punika ugi

Duwung Pangeran Dipanegara tansah kasikep ing ngajeng lan andadosaken Pangeran gadhahi perbawa ingkang ageng. Malah nalika nitih kudha ketingal anggenipun gadhah perbawa ingkang ageng. Wonten carios sanes ingkang saged dipunlacak bab duwungipun Pangeran Dipanegara, ingkang katelah Kangjeng Kiyai Bathang Gajah.

Romo Oesada, ingkang mapan ing Tamansari, satunggaling purnawirawan Angkatan Udara apangkat kolonel, paring pangandikan bilih duwungipun Pangeran Dipanegara ugi katut ing Makasar. Miturut RM Oesodo, keris warangka Gayaman ingkang tansah sinikep dening sang Pangeran dhawah salah setunggaling wayah Pangeran Dipanegara ingkang kagungan asma Dokter Sahir. Salajengipun Dokter Sahir maringaken duwung punika dhateng putra mantunipun ingkang nate ngasta Direktur Garuda Indonesia. Dening putra mantu keris punika lajeng kasimpen.

Nalika dipunsuwuni priksa duwung punika tangguh pundi lan dhapuripun punapa, RM Oesada mboten saged njlentrehaken. RM Oesada namung paring wangsulan bilih keris punika ingkang tansah ngancani Pangeran Dipanegara ingkang gambaripun ngagem dhestar. Ngendikanipun keris punika sakpunika wonten Jakarta.

Ing Dalem Prabayeksa Kraton Ngayogyakarta, kasebat ugi wonten keris Dipanegaran ingkang asma Kangjeng Kiyai Bathang Gajah. Mbokbilih punika keris putran. **(jbj)**

Golek Menak
Jayengrana Nata
Pengetan Jumenengan Dalem



PENGETAN Jumenengan Sri Sultan Hamengku Buwana X, 2020 wis kaping 32 taun. Jumenengan Dalem Sri Sultan Hamengku Buwana X dumadi ing tanggal 7 Maret 1989 utawa 29 Rejeb Taun Wawu 1953 Jawa. Pengetan iki sinebut Tumbuk Ageng. Pengetan iki dipahargya kanthi maneka warna adicara, ing antarane Ngebluk, Ngapem, Sugengan, lan Labuhan. Kejaba kuwi Jumenengan Dalem uga dipahargya uga kanthi adicara Pameran Hadibusana Abala Kuswa. Pambukaning pameran iki mau dikepyakake kanthi pagelaran Fragmen Golek Menak kanthi lakon Jayengrana Jumeneng Nata. Pameran adibusana kuwi mau ditindakake wiwit tanggl 8 Maret-4 April 2020.

Fragmen Golek Menak lakon Jayengrana Jumeneng Nata iki mau katindakake dening Kawedanan Hageng Punakawan Kridhamardawa, yaiku sawijining tepas (kantor) sing mligi ngurusi bab kesenian ing Karaton Yogyakarta. Dene jinising kesenian sing dadi tanggung jawabe KHP Kridhawardawa ing antarane yaiku karawitan, tari-tarian, pedhalangan, tatah sungging, batik, bludri, kemasan, busana, lan liya-liyane.

Fragmen Golek Menak lakon Jayengrana Jumeneng Nata nyritakake Prabu Klana Jayeng Jubin (raja Negara Kaos) kedanan marang Dewi Muninggar. Ewasemana Dewi Muninggar wis dijodhokake marang Amir Ambyah. Patih Bestak manasi atine Prabu Klana Jayeng Jubin kanthi kandha menawa Amir Ambyah nyebarake agama lan ngelar jajahan. Bab iki memanas atine Jayeng Jubin saengga sansaya kencen tekade bakal ngebut Dewi Muninggar lan nyingkirake Amir Ambyah. Pungkasane Negara Jubin perang lumawan Mekah lan Negara Jubin kasoran. Prabu Klana Jayeng Jubin lan Patih Bestak keplayu lan njaluk tulung marang Prabu Bandariyan ing Negara Kuparman.

Ing kono Prabu Bandariyan crita yen nembe bae nyumpena menawa negara Kuparman diterjang banjir bandhang lan kabeh bangunan ing Kuparman remuk/rusak. Patih Bestak ngandhakake menawa Kuparman bakal kalis saka banjir bandhang lamun bisa golek tumbal wujud sirah Amir Ambyah. Prabu Bandariyah kepangan pitenahe Patih Bestak lan agahan ngrabasa menyang Mekah,

(foto-fit)




nanging Kuparman kalah dening Mekah. Sawise menang perang, Amir Abyah winisudha dadi raja ing Puserbumi kanthi jejuluk Tiyang Agung Jayengrana, Sang Jayengdimurti, utawa Sang Jayapalugon.

Tari/beksan Golek Menak mujudake salah sijine tari yasane Sri Sultan Hamengku Buwana IX. Beksan iki rinipta sawise Sultan Hamengku Buwana IX mriksani wayang golek sing digelarake dening sawijing dhalang saka Kedu ing taun 1941. Kanggo mujudake gagasane kuwi Sultan Hamengku Buwana IX dhawuh marang KRT Purbaningrat lan para penari pinilih ing kraton supaya *mentransformasikan* obah/solah (gerak) wayang golek kayu/thengul ana ing wujud obah/solah (gerak) tarian. Kejaba kuwi Sultan Hamengku Buwana IX uga nimbali sawijining dhalang saka Sentolo, Kulon Progo kang asma Ki Widiprayitno supaya nggelarake wayang golek ing Bangsal Kasatriyan Ngayogyakarta.

Umume dramatari Wayang Wong nglakokake lakon Mahabharata lan Ramayana, nanging dramatari Golek Menak umume nglakokake crita sing sumbere saka Serat Menak utawa Hikayat Amir Hamzah. Sumber kasebut biyen-biyene digawa dening para pedagang saka Melayu lan sumebar ing Nuswantara. Dene para tokoh sing ana ing sumber kasebut banjur dicundhukake (diadaptasi) ing basa Jawa, upamane Amir Hamzah dadi Amir Ambyah. Sumber kasebut umume ngemot bab penyebaran agama Islam dening Amir Ambyah (Wong Agung Jayengrana) sing mujudake putrane salah sijine adipati ing Mekah. Dialog ing Tari Golek Menak iki nggunakake basa Bagongan, yaiku basa sing dadi ciri khase Keraton Ngayogyakarta. **(abs)**

(foto-fit)





Gendhing Gendhing Sekaten

Tansah Ulem-Sora Ngumandhang

MIRENGAKE wilet anteb-agung wiramaning gendhing-gendhing pakurmatan, Gendhing-Gendhing Sekaten, saking gangsa sekati, Kanjeng Kiai Gunturmadu lan Kanjeng Kiai Nagawilaga lumrahipun kedah nengga candra 5 - 12 Mulud (Rabiul Awal) saben taunipun. Nanging ulem-sora lan gagah-agunging Gendhing-Gendhing Sekaten samenika sampun saged dipun mirengake sawanci-wanci awit saged kaundhuh saking YouTube channel kraton jogja, lan ugi channel tasteofjogja disbud diy. Nalika dinten Rebo Legi, 15 April 2020 sampun wiwit kababar ungeling gendhing sepisanan, *Gendhing Rambu, Laras Pelog Pathet* 5, minangka pratandha wiwit uluk ngumandhanging gendhing mirunggan ingkang saben dinten badhe mungel urut ngantos 16 Gendhing Sekaten waradin saged kapireng miyos jejaring medhia dhigital.

Wonten ing YouTube, saged punundhuh unggeling gendhing wiwit saking Gendhing Rambu, lajeng kalajengaken urut gantos saben dinten saking 15 dumugi 30 April, gendhing-gendhing *Rakung Lr Plg Pt 5, Andhong-andhong Lr Plg Pt 5, Lung Gadhung Lr Plg Pt 5, Rendeng Lr Plg Pt 5, Yahume (Lara Tangis) Lr Plg Pt 6, Dhendhang Subinah Lr Plg Pt 6, Burung Putih Lr Pl Pt 6, Gleyung Lr Plg Pt 6, Lenggang Rambon Lr Plg Pt Barang, Bayemtur Lr Plg Pt 6, Atur-atur Lr Plg Pt 6, Orang Aring Lr Plg Pt Barang, Salatun Lr Plg Pt 6, Ngajatun Lrs Plg Pt Barang, Supiyatun Lr Plg Pt Barang.*

Miturut pangandikane para winasis, gangsa sekati sakawit sampun kagem ing jaman Majapait, nyarengi wontenipun gansa cara balen. gangsa monggang, lan gangsa kodhok ngorek. Dening para Walisanga, gangsa sekati lajeng dipungatra tabuh ing rikala wulan Mulud, utawi Rabiul Awal, saben taunipun ngiras pantes kagem sarana ngundang kawula dugeni dakwah syiar Islam ing plataran Masjid Demak. Titi kala menika ingkang sami dipunpitados wiwit mula bukanipun Sekaten lan Garebeg Mulud.

Gangsa Sekati, wilahan lan penconipun yektos pundamel saking prunggu kang langkung ageng lan kandel tinimbang gangsa, monggang, cara balen, lan kodhok ngorek, utawi gangsa salumrah sanesipun. Pramila limrah menawi lajeng kapireng sora, gagah, lan anteb, amargi ugi saking anggenipun para pradangga nabuh kedah langkung rosa. Dene Gendhing-gendhing Sekaten sedaya kalebet gendhing soran pramila mboten mawi gangsa jenis ricikan utawi lirihan kadosta, gender, slenthem, rebab, gambang, siter, siter. Kepara mboten mawi kendhang. Namung mawi bedhug. Ugi mboten mawi vokal, sindhenan lan gerongan. Sedaya ngagem Laras Pelog embat ageng - andhap.

Notasi Gendhing-gendhing Sekaten kacarios namun wujud balungan, lan lampahing tabuhan gendhing (garap racikan lan balungan) samangke padatang dipungarap dening juru bonang. Pradangga penabuh bonang dados pangiriting lagu lan wirama gendhing. Ingkang kalimrah, padatanipun pamurba lagu lan pamurba wirama menikan wonten ing kendhang.

Estunipun, Gendhing-gendhing Sekaten menika kalabet gendhing pakurmatan. Kepara malah kapiarsa kados gendhing ingkang kebak ing raos pamuji donga lan pengajeng-ajeng sih wilasaning Gusti Allah. Menawi pratitis anggenipun mirengaken, Gendhing-gendhing Sekaten estu mawa perbawa ageng kagem damel pangenaming pikir tatag tanggon, pelereming raos teguh kukuh, pemanthenging sabar sumarah, lan pinanggihing raos ayem tentrem. Pramila, pambyawara kumandhanging Gendhing-gendhing Sekaten saged tuwuh nyocoki kagem urun usada tumuju sireping pandhemi lan uwal saking sedaya panandhang. Gendhing kang pindha donga panyuwunan**. (pdm)**



(foto-abs)

SIMPOSIUM INTERNASIONAL BUSANA

"Ngangsu Ilmu, Tukar Kawruh"

Dr.KRT. Condrowasesa

(foto-fit)

KRATON Ngayogyakarta Hadiningrat rikala tanggal 9 lan 10 Maret 2020 kepungkur nganakake Simposium Internasional Budaya Jawa ingkang kaping 2. Sakdurunge Simposium kagelar taun 2019. Ing taun iki simposium njupuk irah irahan "Busana lan Peradaban" Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat kanggo Mangayubagya Tingalan Jumenengan Dalem Sri Sultan Hamengku Buwana X kang kaping 32 warsa. Simposium diadani ing Royal Ambarrukmo Hotel. Sing isa nuwuhake sengseme para panyarta simposium amarga para ahli sing jejer minangka paranpara babagan kabudayan ora mung saka ing wewengkon Indonesia, nanging uga saka mancanegara.

Babagan Sosiologi Budaya contone, ana Dr. Jiri Jakl seka Institut Antropologi Heidelberg, Germany. Seka Australia Jennifer Lindsay ahli babagan, *history and language*. Ana meneh ahli Philology manuskrip Yogyakarta, Dr. Dick van Der Meij seka Netherlands. Lan uga Dr. Sandra Sardjono seka Tracing Pattern Foundation, *San Fransisco* Amerika Serikat.

Pasarta Cingak

Para ahli kuwi ora mung njlentrehake teori kang tau disinau utawa hasile anggone naliti. Nanging uga isa nuduhake babagan kang sakdurunge ora dingerteni masarakat ing Ngayogyakarta mligine lan Indonesia umume. Mula bisa nuwuhake cingak kanggo para pasarta kang katon ngebaki ruang seminar udakara 500 panyarta. Kasunyatan iki kang kudu enggal dibudidayakake supaya para generasi muda ing Ngayogyakarta mligine lan Indonesia lumrahe, mangerti menawa para ahli kabudayan Jawa seka mancanegara iku anggone nggegulang ilmu isa ngluwihi bangsane dhewe.

Simposium kraton taun 2020 iki dipandhegani dening Gusti Kanjeng Ratu Hayu. Ana ing simposium iki Ngarsa Dalem karenan ngandarake pamanggih ngiras pantes mbukak simposium kanthi resmi. Andharane Ngarsa Dalem intine yakuwi kagungan penggalian lan gegayuhan kanggo ing wektu ngarep supaya ilmu pengetehuan lan masalah kekayaan budaya kuwi isa dimangerteni dening generasi milenial wektu iki. Mula saka iku dibutuhake papan diskusi lan panaliti kanggo para akadhemisi gayut karo budaya Jawa lan Kraton Ngayogyakarta.

Sabanjure Simposium Internasional Budaya Jawa iki uga diandharake kanggo pratandha transisi kraton tumuju era digital. Kejaba iku uga kanggo nglestarekake manekawarna kabudayan Kraton Ngayogyakarta lan uga ngenalake budaya Jawa kanggo generasi enom. Kanthi gegayuhan, para milenial isa kesengsem kanggo nyinau lan hanaliti babakan kabudayan Jawa, supaya ora ilang katutup dening mangsa.

Kajaba andharaning para ahli seka mancanegara uga para ahli saka tlatah Indonesia ora kalah anggone nengsemake. Salah sijine kang ngandharake babakan songsong lan gunane ing Kraton Ngayogyakarta miturut koleksi museum

Sonobudaya. Andaran iki dipratelekake kanthi cetha dening Ghis Nggar Dwiadmojo seka FBS UNY babakan songsong Kraton Ngayogyakarta ing naskah Jawa kagungane Museum Sonobudaya. Ana ing andharan babakan songsong (payung) iku Kasunyatan durung padha mangerteni menawa jenis lan trep-trepane ing upacara kraton, kasunyatan ana luwih seka sepuluh jenis songsong. Ora mung songsong kanggo jenazah lan songsong kanggo Raja kang miyos lan uga ora mung songsong kanggo ndherekake pusaka Dalem miyos. Nanging bab-bab kang ora nate diweruhke neng njaban Kraton isa diandharake, kayata song song kanggo Pengeran lan putra mahkota uga ana songsong kang mligi kanggo pralambang werna kang beda beda miturt suasanane.

Ketulung Foto

Paranpara seka Indonesia Sri Suryani seka FIB UGM ngandharake perkara perbandingan Teks Pemut Awisan Dalem ing naskah Yogyakarta Court Record lan Awisan ing aturan Gubernur nomer 87 taun 2014. Lan ana uga Dyah Indrawati, S.S., seka USD kang njlentrehake babakan modhe kostum lan budaya wong Jawa ing Arsip Litografi. Loro-lorone trampil anggone ngonceki perkara teks Kraton sak isine, saengga para panyarta simposium dadi pono apa kang ana ing Teks Pemut Awisan Dalem lan Arsip Litografi. Semono uga Rendrawan Setya Nugraha seka program Kajian Budaya UNS, ngandharaken babakan proses mbatik sinjang ing naskah awisan kang ditrepake kanggo pengageman busana mligine sinjang utawa jarik ing Kraton Ngayogyakarta. Nyambung saka babakan jarik, Dr. Siti Maziyah, seka Jururan Sejarah UNDIP Semarang uga nemokake kasil panalitiane babakan motif koin lan patola kang isa dadi motif kawung saha nitik. Iku minangka bukti menawa wis kedadean proses kang diarani akulturasi kain impor lan dadi kain tradhisional ing kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Ana saperangkan sumber kang nuwuhake bentuk jarik kawung iku ana ing relief candi Angkorwat ing Kamboja. Mula iku kang diarani jarik impor saka manca nanging dadi tradisi ing kraton amarga wus rinipta bentuk motif jarik kang kasebut kawung. Kajaba andharaning para paranpara kang winasis babagan budaya Jawa uga babagan busana beksa dening Dr Nyi KRT.Pujaningsih seka Kridha Mardawa lan Dr Revianto Budi Santosa seka UII, uga isa nambahi wawasan lan ilmu babagan busana tradhisi kang dinggo beksa ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat seka jaman Sri Sultan Hamengku Buwana I nganti saiki.

Pameran Kraton

Pengetan Tingalan Dalem Jumenengan Sri Sultan Hamengku Buwana X taun 2020 iki uga digayengake anane Pameran Naskah lan Manuskrip kang dadi perangane kang dirembug ana ing simposium. Kasunyatan okeh ilmu pengetahuan lan wawasan kang maneka warna diduweni Kraton minangka catatan penting kang isa dadi panyarta lumakuning sejarah kraton. Pameran kraton kang digelar ing Kagungan Dalem Bangsal Pagelaran Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, okeh kang isa dimangerteni mligine babakan Lumakuning Pemerintahan Sultan wiwit taun 1989, kasunyatan okeh bab kang owah. Lan iki nuduhake menawa peradaban ing Ngayogyakarta kuwi ana gregede (dhinamis). Salah sijine conto yaiku masalah dhinamika sosial budaya kang kedadean ing jaman Sultan sakdurunge kang isa direkam ing dhokumen sejarah lan isa ditonton masarakat Ngayogyakarta lan saendhenging wewengkon Indonesia, yaiku babakan busana.

Dr. KRT. Condrowasesa
KHP Kridha Mardawa Kraton Ngayogyakarta



(foto-fit)

bab sinjang. Ana meneh nom-noman sing dadi paran para ing simposium yaiku, Aditya Revianur, dheweke Arkeolog enom seka UGM. Perkara sing diandharke sawetara isa gawe cingake pasarta simposium. Amarga Aditya ngandharake perkara Kuasa lan Estetika ing busana Sultan lan Sentana Dalem Ngayogyakarta Hadiningrat kang kapajang ing foto riptaning Kassian Cephas.

Lantaran foto-foto kuwi awake dhewe isa mangerteni pranatan baku jaman semana lan uga



(foto-fit)

Prihatin, Laku Pasane wong Jawa

BUDIONO HERUSATOTO



TEMBUNG *prihatin* kalebu jinise tembung garba/rerangken saka rong tembung lingga: prih lan ati, kadadeake tembung watak (ajektifa) *prihatin;* kang nggambarake laku nahan rasa perihing ati Dudu lara ati, ananging *laku prihatin*, yaiku nahan hawa nepsu utawa puwasa/puasa/pasa' kanthi 'lair-batin rarasing ati (kalbu)'. Kabeh laku prihatin iku duwe tujuwan: kanggo ngraih urip kang luwih becik tekan mulya ing tembe buri (masa depan). Dadi sawijing lakuning cipta (ngolah cipta) kanthi disaranani nganggo laku ngolah raga, kagem tujuwan kang luwih utama, yaiku reresik polahing batin (ngolah jiwa). Kanthi resiking lair lan batine, munjuk donga mring ngarsane Gusti Allah, mugi kinabulna sadaya sedya/niat kawula.

Puwasa lair iku awujud: ngurang-urangi rasa kanikmataning urip telung prakara:ngombe, mangan lan turu; mung sadermi/saukuran kanggo anyukupi kebutuhaning diri/badan, Tegese nora kurang lan ora luwih; kanggo tetep njaga sehating awak. Ngombe, mangan lan turu iku dadi kabutuhaning pokok raga lan jiwa, supaya tetep kuwat makarya (nyambut gawe lan mikir) kanthi nalar. Nora ninggalake kewajiban lan kabisan pedinane, ajeg tanpa kendho utawa lelaweyan (sakepenake dhewe).*Laku prihatin laire* wong Jawa, kalakoni kanthi cara werna-werna pasa /ngurang-urangi rasa kanikmatan, kaya: ngasrep, mutih, pasa Senen-Kemis, pasa wetonan, muasani anak-putu. *Laku prihatin batine* wong Jawa, kalakoni kanthi cara: ngurani catur lan turu (nambah wektu melek lan ora turu bareng/kembul bojone), pasa ngebleng, pasa pati geni.

Ngasrep, saka tembung asrep (adem/tanpa rasa tetambahan: legi, asin, sepet, pait, getir, lan gurih). Tegese ngombe mung wedang wantah, ora nganggo gula, teh. kopi, susu, lan liyane. Mangan sega dang/liwet, lawuhe 'mentahan utawa dang-dangan': gegodhongan, woh-wohan, olahan bahan asli kang biatasane dimasak saben dinane. Kobis, sawi, timun, buncis, cipir, kacang dawa mentah/godhog; welok godhog, tempe/tahu godhog apa panggang. Kebutuhanne badan: banyu, protein lan vitamin kecukupan lan kebutuhane utek dibatesi kang ngasrepake pikir, lan ngleremake jiwa.

Mutih, saka tembung putih (sarwa kang wernane putih). Wedang putih/bening. Sega putih, lawuhe kang awerna putih: kobis, cambah dhele/kacang ijo, tempe-tahu (mentah/godhog), Reresik kotoran badan lan jiwa karebem bersih utawa putih.

Pasa nyenen-kemis, pasa saben dina Senen lan Kemis, ora mengan lan ngombe kawit gagat rainan tekan srengenge surup, kanthi sedya tuhu (kanugrahan rejeki, enggal entuk bojo/jodho, besuke entuk gaweyan kang mulya, lan sabanjure)

Pasa dina wetone dhewe. apa muasani weton anak/putune; ora mengan lan ngombe kawit gagat rainan tekan srengenge surup, kanthi sedya tuhu, kanugrahana besuk dadi uwong kang utama, tumrapingng kulawarga, bangsa, lan agami.

Pasa turu iku ora turu awan, wengi mapan turu sakuwise tengah wengi, tangi sedurunge subuh, lan nora ngembuli bojo.

Pasa ngebleng/ngeblong, ora ngombe, ora mangan, ora turu, salawase telung dina telung bengi, apa pitung dina pitung bengi. Iku perlu linatih mawa jangka wektu, melai sedina-sewengi. Banjur mundhak rong dina-rong bengi, tekan ajeg bisa ngllakono saben telung dina-telung bengi. Pasa ngebleng iku akeh banget godhane. Ya awit saka kudu tetep sesrawungan ing masarakat, uga godhaning batin/jiwa. Kang weruh/ketok/kasat mata prakara kang mokal denweruhi dening sasama utawa wong biasa. Sahengga kudu tabah, tagen, tangguh, tanggen, nalika denweruhi mahluk alam goib. Tetep ngiman lan taqwa mring Allah Taala.

Pasa pati geni, ora ngombe, ora mangan, ora turu, ora kena weruh cahyaning surya utawa sunaring lampu, dadi urip ing alam/ruang kang peteng lelimengan, salawase patang puluh dina patang puluh bengi. Mesthi bae bakal akeh banget godha lan rancana (gangguan) jiwa/batine, nalika denweruhi mahluk

alam goib.yen tabah, tagen, tangguh, tanggen, tekan akhir wektune, Bakal kanugrahan apa kang dadi sedyane, Apik apa ala, begja apa mulya, mung sing nglakoni kang ngrasaake antuk apa kang sinedya.

Kabeh laku prihatin kang dadi amal puasane wong Jawa iku mau, biyen mula pancen dilakoni dening masarakat, lan para winasis; mula akeh kang bisa kasinungan:

1 . *Jejeg adeging uripe*, marga batine/jiwane ora tau gonjing, ora tau tidha-tidha, ora tau was-sumelang, ora tau kagiwang larang samubarang.

2. Duwe *kawicaksanan*.

3. Bisa ngrungu *akacawakya* utawa *akacacabda* (swara ing langit, swaraning Logos), kang njalari wong iku bisa nganggit layang jangka, yaiku layang kang isi mameca kadadeyan utawa kaanan kang bakal klakon.Wong kang kasinungan kaluwihan mangkono iku tembunge lumrah diarani wong sidik utawa weruh sadurunge winarah.(S. Padmosoekotjo, Ngengrengan Kasusastran Djawa, 1958:9)/***

Serang Baru, April 2020.

BUDIONO HERUSATOTO. budayawan

Tapa Ngeli

DJOKO SUTOPO

PASRAH Sumarah marang kersaning Hyang Widi bisa kasebut Tapa Ngeli, manut ilining banyu ya kersaning Hyang Manon, lan uga karepe rahsa kang bakal njurung lakuku lan jengandika marang tepining segara sih palimirmaning Gusti. Ananging umume manungsa tanpa sadhar salah pilih, ngeli ana ing banjir utawa rahsaning karep, pepenginan, saengga arahe kuwalik ninggalake samodraning sih palimirmaning Gusti ananging malah nuju dharatan lan ngrerusak katentreman lan tata krama, paugeran lan maneka warna tatanan. Iki sing jeneng salah kaprah , sing bener ora lumrah. Kaya jamane saiki. Yen ana wong sing bener ora korupsi malah disalah-salahaken, sing korupsi dibenerake. Wong jujur malah ajur, sing ala malah diuja.

Pasrah sumarah satus persen tegese kita tetep duwe inisiatif kanggo mbudidaya lan kupiya, amung wae kudu nempuh maneka cara lan tatanan ingkang cocog karo paugeraning Pangeran. Sebab papane kodrat ana ing tata cara lan paugeran, dudu ana ing garis nasib. Ngrobah nasib iku dadi tanggungjawabe awake dhewe sowang-sowang. Amung wae tata cara lan carane ngubah nasib wis disedhiyakake dening Gusti. Menawa awake dhewe migunakake tata cara lan dalane Gusti mesthi bakal antuk tatuning wangsit lan bakal antuk dalaning sukses. Proses tetep dadi tugas pokok manungsa. Cara lan proses tetep dadi sarana kang apik kanggo nggolek kasil. Dudu hasil kang diutamakaken ananging tata carane. Gagal bisa kedadeyan karana manungsa ora setya marang marganing Gusti. Utawa sengaja Gusti nggagalake upayaning manungsa karana Gusti maha pirsa lan tansah nemtokake apa kang paling apik kanggone manungsa. Urip iku kadya seni, perlu dikemonah supaya uripe padinan laras karo kersaning Pangeran.

Malah akeh para winasis ing kawruh, buntas saliring ngelmu, lan bisa yasa reriptan kang murakabi tumrap manungsa, kawiwitan tumekane wisik ghaib utawa inspirasi. Uga ana kang diwiwiti anane kedadeyan kang aneh, banjur nuwuhake kawruh anyar. Bakat alami iku kasebut ilmu laduni, ilmu titen. Gusti Allah iku ora mban cindhe mban siladan, ora nate pilih kasih.

Urip sumarah, mituhu kersane Gusti, niyat ingsun nyebar ganda arum, tyas manis kang mantesi, ruming wicara kang mranani sinembuh laku utama. Mangkono para luhur paring sasmita. Kanthi mengkono sih palimirmane Gusti bakal lumeber ing awake dhewe kabeh. Tapa Ngeli, dudu tapa ngenut ilining banyu, nanging laku lampah bedinan, memangun kridha makarya sengkut, gumeregah nambut karya lelendhesan pasrah marang garis kersaning Gusti.***

DJOKO SUTOPO, *budayawan*

CATUR SAJUGA

Nuladhani ora Nuturi

MENAWA para maos suka mriksani renggan medhia sosial You Tube, ana pawongan papat cacahe, kang suka caos panglipur tembang. Tembang kang cakepane anyar, kebak ing wulang tuladha kang samun nanging cetha gumathok tumrap uring jaman saiki. Kaya kang kapethik ing reportase iki, tembang Asmaradana kang caos pemut bab awisan mudik ing mangsa pagebluk iki. Cocok karo kahanan. Kamangka, priyayi papat iku ya wasis nembang, mat gendhinge mungguh, dhasar suwarane ya pantes sinugata. Apa maneh, anggone gawe yasa video ya rancak, sumringah, lan lucu. Guyon maton sembrana parikena,

Catur Sajuga, paguyubane. Anggotane *Sugiman Dwi Nurseto* (Seniman kethoprak, Penyiar RRI Yogyakarta), *Angger Sukisno* (Panatacara, Seniman kethoprak), *Dalijo Angkring* (Seniman tari, Pelawak, Seniman Kethoprak), lan *Ir. Budi Santosa /Mbah*

Lamun mapag ariadi/kang asring
dipuntidakna/pinganggih lan
sedulure/temah bali saking paran/
rasane datan sranta/ngalor ngidul
sarwi ujung/nglenggana ing lepat
ira//

Beda kahanan samangkin/wabah
corona ngrabasa/mula ywa
kendhat maspaos/supaya manggih
yuwana/tetepa aneng paran/
tan prayoga bali ndhusun/murih
corona tan ndadra//





Catur Sajuga: Sugiman DN, Angger Sukisno, St. Dalijo, lan Bundi Santosa. ***(foto-sugiman)***

Sutowiyoso (Arsitektek, Panatacara, Seniman Kethoprak). Catur Sajuga, papat kang nyawiji manunggal katon sajuga pindhane. Kaya ora kena pinisahake.

"Kula sakkanca nggadahi tekad, saklaminipun tetep badhe mbudidaya berkarya. Pawitanipun namung Guyub Rukun. Mugi murakabi," ngendikane Sugiman DN marang SEMPULUR. Miturut Sugiman DN, Catur Sajuga sekawit yang mung spontanitas, dadakan bae. Wong papat kang manunggal nyawiji ing kekajengan.

Sugiman DN matur, "....kawiwitan saking raos pepenginan supados seni tradhisi saged dipun tresnani dening para wiranem ing jaman modhern, pramila lajeng mbudidaya damel kemasan lumantar Gadget/Medsos amrih gampil dipunakses."

"Tuwuhipun ide kanti sesarengan, mekaten ugi wonten ing proses prodhuksi. Sedaya saged daya dinayan, mboten wonten ingkang ngereh utawi dipunreh. Dene perkawis bea sawetawis kanti kesadaran swadaya temtu kemawon kluarga ugi nyengkuyung," ature Sugiman DN ngandharake Catur Sajuga kang vidheo tembange saiki lagi kondhang ing medsos.

Saka tengahin taun 2019 nganti tumekan saiki, Catur Sajuga wis rampung gawe sinetron kethoprak (sineprak) durasi 10-15 menit. Kayata, Bremana Kembar, Kyai Gemah, Kumbang Katumenggungan, Kembang Karanggayam, lan Pinter Keblinger. Dene kang awujud tembang, kayata: Sinom Parijatha Sl. 9, Sinom Parijatha Pl. Barang (Corona), Kinanti Sandhung Pl. Barang *(Work From Home)*, Asmarandana (Aja Mudik), Asmarandana (Njaga Kasarasan), lan Asmarandana (Isolasi diri)


Anggone padha gawe seni panglipur lumantar tembang, ing pangajab cakepane uga bisa pinangka srana suka katrangan dhumateng kadang pamriksa. "Tembungipun nuladhani ning ora nganggo nuturi," ature Sugiman DN.

Sugiman DN uga suka katarengan, "...kanyata sakmangkeh lajeng kathah kadang ingkang katarik tumuli gumregah ndamel kemasan ingkang mekaten, lan menggahing kula sakkanca malah emen sanget, virus tresna tembang menika saged ngrembaka." Alhamdulillah sawetawis menika sampun wonten para tokoh Budaya ingkang kepreng paring kawigatosan kepara kersa nyalirani ing antawisipun: Bpk. HY. Aji Wulantara SH.Mhum (Kepala Dinas Kebudayaan Sleman), ugi Prof. Suwarno Pringgawidagda (Ketua Dewan Kebudayaan Sleman). **(pdm)**

Wanwicara

Laku Prihatin, Ngudi Sampurnaning Urip

GODOD SUTEJO



PASA, salah sawijine laku prihatin kang ora kena kapisah saka kabudayan Jawa. Nanging, ing jaman modhern kang diarani era milenial iki, laku prihatin pasa Jawa kayane wis ora dadi kawigatene wong Jawa. Sawatara ngerti ngelmune wae ora, apa maneh nglakoni. Kanggo caos atur piweling supaya wujud laku prihatine wong Jawa iki ora ilang, SEMPULUR nyuwun priksa **Godod Sutejo** (67) babagan laku prihatin. Wawan wicara karo seniman lukis kondhang kang uga aktivis laku lampah Jawa kuwi lumaksana ana ing Posnya Seni Godod, Suryodiningratan, Kecamatan Mantrijeron, Yogyakarta.

Pasa Jawa punika sejatosipun laku ingkang kados punapa?

Pasa Jawa niku ya pasa miturut ngelmune, piwulange, pituture wong Jawa. Tata carane, urut-urutane ana kabeh, ning beda agama apa dene kapercayan liyane. Contone, pasa Jawa wiwit jam enem sore tekan jam enem sore maneh, dadi 24 jam. Ning ana uga sing nglakoni pasa Jawa etungane wiwit jam wolu tekan sesuk jam setengah sanga bengi, 24 jam luwih setengah jam. Wit biyen petunge seka enem, jalaran miturut kaprecayan Jawa, bobot gaibe nang angka enem lan tikelane. Rolas ki tikelane enem. Telu karo sanga kuwi ya klebu tikelane enem.

Bab ora mangan, ora ngombe, ora udud, liya-liyane, kalebu ngampet nepsu, ana kabeh kuwi aturane. Mung nek Jawa ya 24 jam. Isa mung sedina, rong dina, telung dina, patang dina, tekane 40 dina tanpa mandheg. Iki ora ana gayutane karo agama. Sing agama ya laras karo tata-titi carane agama, nek pasa Jawa ya nurut pitutur, wewarah Jawa. Kabeh wis ana pranatane dhewe-dhewe.

Lajeng kapan pun tindakaken?

Sing paling pokok kuwi weton. Nang wulangan ngendi wae padha, weton sing paling pokok. Pasa pas wetone. Terus pas arep duwe kajat, kagungan kersa, apa pepenginan sing mirunggan, supaya kuwi kabeh isa kelakon kaya sing dikarepke, ya ana lakune. Pasane paling sithik kaping pitu. Upamane pasa ping pitu ngapit weton. Yen arep golek rejeki, apa lagi kejeglong, uripe rekasa, utawa lagi ngadhepi reribed, dipasani wae. Mangsa pageblug Corona saiki ki ya apike dinggo pasa wae.

Kapan le nglakoni, nek pasa weton rak wis cetha, le pasa pas dina wetone. Ning sing liya-liyane ana etungane, gandheng cenenge karo etungan dina sing cacahe pitu karo pasaran sing cacahe lima, masiya cara ngetunge ora mesthi padha. Ana sing etungane nganggo neptu, ning ya ana sing nganggo cara liya. Ke pasa ya kuwi mau, isa mung sedina, isa uga nganti tekan 40 dina, gumantung niyat lan petunge. Babagan etungan dinane ya ana meneh sing beda. Etungan neptu ya, Mas, Senen ki papat, Slasa telu, terus Rebo ki pitu, Kemis wolu, Jemuwah sanga, Minggu lima. Nek pasaran Legi lima, Paing sanga, Pon pitu, Wage papat, Kliwon ki wolu. Ning ana pangerten liyane sing cara ngetung neptune ya beda. Petungan dina kawiwitan seka Rebo. Dadi Rebo ki siji, Kemis loro, Jemuwah telu, Setu papat, Minggu lima, Senen enem, Slasa pitu. Dina pasarane wiwite padha, Legi, ning etungane beda. Legi ki siji, Paing loro, Pon telu, Wage papat, Kliwon lima.

Aku ra patiya paham ngapa kok ora padha, mung miturut sing tak ngerteni, pancen ana petung sing beda. Jame ya rada beda, ngetunge beda, wiwitane karo rampunge. Wis samesthine yen ana sing beda babagan pasa, dina, ro petung ki, nek lehku ngarani malah marakke *khasanah budaya Nusantara* dadi luwih apik lan luwih pepak.

Pasa 24 jam punapa boten awrat sanget, Pak Godod? Napa malih menawi ngantos 40 dinten?

Lha jenenge wae laku prihatin, Mas, hehehe... Pasa Jawa cen

ngono. Abot apa entheng rak gumantung niyat lan tekade, karo wis mumpuni durung bab *rumuse* utawa teknike. Jalaran jan-jane wis ana *rumuse* ben ora ngelih, ora ngelak, lan sapanunggalane kuwi. Nek takon carane kepiye, gayutane karo *aliran kepercayaan,* lha aku ora wenang mbabar ngelmune. Sing cetha, ana teknik kanggo nglakoni pasa tanpa rasa ngelih.

Dadi mangane hawa, Mas, mangan napas. Kuwi nang ngendi-endi padha. Aku wis sinau saka pirang-pirang *aliran*, jebul kabeh diwiwiti utawa dilakoni pawitan napas. Dadi napase dinggo ngisi bagean sing biyasane kaisi dhaharan utawa unjukan. Mula arang-arang wong Jawa sing lagi lelaku pasa terus ngrasakke ngelih, ngelak. Arep sedina, rong dina, telung dina, patang dina, nganti 40 dina bleng, ora mandheg, ya ra dadi sebab. Tegese, nek wis ajeg anggone pasa, cara mangan hawane ki isa luwih trep karo kahanan ragane awake dhewe.

Menawi ngaten, betah pasa 24 jam, napa malih 40 dina niku sanes ngelmu gaib nggih?

Ha mboten, Mas. Niku *logis* kok, mlebu nalar, sapa wae bisa nyinaoni. Mula dha kuwat pasa nganti telung dina ora mangan, patang dina ra kelebon apa-apa, ya merga isa mangan napas kuwi mau. Ning ya ana pranatane *aliran* liya sing ra ngentukke mangan, ning oleh ngombe. Ana maneh sing ngolehke ngombe, ngopi, udud, ning babar blas ora oleh mangan. Apa wae sing wujud panganan ora oleh. Nek ngelak banget oleh ngombe, ning ya ana sing babar pisan ra oleh mangan ro ngombe. Dadi pancen ana sing *"keras"*, ana sing *"lunak"*. Saperangan malah ditambahi ra kena turu. Dadi ya pirang-pirang dina melek. Ben ora ngantuk, nganggo wirid. Wirid Jawa, Mas.

Sing repot ki... rak ana sing bleng, Mas. Bleng kuwi ora oleh metu omah, ndhekem nang kamar. Sing angel nek pas mara tamu, terus nek ana jagongan. Lha jenenge wong srawung rak kaya ngono, awake dhewe kudu isa ngampet. Nek umpamane ngrowot mangan woh-wohan we isa, ning nek ngepasi pasa rak tetep ora mangan apa wae. Sing abot nang kono kuwi. Ora ateges abot le ngelih, ning abot le sesrawungan kaya adat sabene. Ning menawa pancen awake dhewe wis niyat, ya kudu netepi pranatane, cepak kabeh resikone.

Pasa ingkang asring dipuntindakaken Pak Godod ngantos pinten dinten?

Ya paling telung dina, Mas, nek aku. Telung dina ra kelebon apa-apa. Kuwi ya babar blas ora krasa ngelih, Mas. Angger wis niyat pasa telung dina, ya bleng telung dina ra mangan apa-apa. Pancen sing jenenge awak ki butuh *nutrisi*. Lha ning nyatane ya ra ana sing perlu dikuwatirke, awake sehat-sehat wae. Ya ora lara maag barang ki. Biyen wektu isih blajaran isih sok ngrasakke ngelih. Ning bareng wis sinau suwe, wis weruh ngelmune, o ngene iki ta carane... ya wis ra tau ngelih, mung mangan napas. Dadi ya ora salah nek diarani mangan hawa utawa mangan angin, kanyata hawa kuwi duwe *energi* sing ora baen-baen.

Lajeng paedah pasa Jawa niku punapa, Pak?

Angel dijlentrehke. Mung sing nglakoni sing bisa ngerti, jalaran pasane dhewe-dhewe, Mas, petunge dhewe-dhewe. Iki mung kanggo conto sing gampang, Mas, ngrowot. Ngasrep setilahe, merga ora mangan gula, ora mangan lombok, ora mangan



Godod garwa lan putra putrine. (foto-dok keluarga)



Sampun pinten taun, Pak, anggenipun nindakaken

pasa Jawa?

Ya wis suwe, kawit **tahun 80-an.** Sepisanan ajar dhewe, takon karo sing ngerti, nirokke. Sabanjure ngangsu kawruh ing paguyuban sing miturut penemuku piwulange duwe landhesan lan lambaran kuwat. Ya saora-orane sing ana bukune, dadi isa tak sinaoni dhewe kapan wae. Ning jan-jane le sok pasa wis kawit cilik, Mas. Simbah putri ki seneng pasa Jawa, aku njut melu-melu.

Godod Sutejo nalika nedheng nggambar ing studhione (foto-dok keluarga)

uyah, ora mangan beras. Anggone ngrowot watara telung dina tekane seminggu. Kuwi kanggo *diet* apik, tumrap kasarasan apik.

Yen kanggoku, sawise ajeg nglakoni pasa, rumangsaku uripku dadi ora kemrungsung. Anane gegayuhan pancen ora isa diselaki, wong urip mesthi duwe pepenginan, nanging anggone ngusadani ora ngaya banget, isa nrima ing pandum, kaya-kaya lelakone urip ki wis jumbuh karo kekarepane awake dhewe. Ya sing pokok awake dhewe isa mlaku nir ing rubeda. Rumangsaku, kuwi ki wis cukup kanggoku. Ra perlu nggrangsang sing werna-werna, merga kulina ngampet hawa nepsu.

Kuwi isa dibuktekke. Umpamane sampeyan lagi kangelan, nek gelem nglakoni, kuwi isa ilang tenan. Kabeh wis ana *rumuse*. Coba mang sinaoni mawon. Ora perlu ambyur melu paguyuban apa, kelompok apa, cukup nyuwili wae sing kira-kira trep karo awake dhewe. Dadi umpamane sing paling pokok ya weton kuwi mau, terus ngudhari reruwet, yen lagi ana reribed bisa cepet rampung, terus narik rejeki supaya rejekine awake dhewe isa ajeg.

Welingupun Pak Godod kagem tiyang Jawi samenika?

Ya nek wis arang-arang sing gelem nglakoni, mbesuk-mbesuke ya isa wae ilang tenan. Pancen saiki durung isa ngrembaka kaya sing dikarepke, kabeh wong padha ngerti, ning iki wis wiwit akeh maneh sing kesengsem karo ngelmu lelaku cara Jawa, banjur gelem ngudi kawruh. Nom-nomane ya akeh. Biyasane dha ngumpul nang kene, ya wong lima, pitu. Tak kira nang liya nggon ya akeh, ya sinau, ya nglakoni bareng-bareng. Bener, aku ki *aktivis* pasa Jawa, aku pancen nglakoni. Sok-sok nganggo pangerten sing iki, liya dina nganggo panemu seje, ra masalah. Kabeh tinemu ing nalar, kabeh isa disinaoni. Ya kanggo olah rasa, ya paling ora uripe ki dadi ora kemrungsung, ora nggrangsang, aja nganti apa sing dilakoni ki malah ngrugekake awake dhewe, mitunani wong liya. **(dik)**

LAKU PASA JAWA

KRT PURBAWINATA

UWIS dadi padatané wong Jawa lan nuswantara umumé, kanggo njaga *keselarasan* antarané manungsa karo alam, duwèni kebiasaan laku brata ingkang awujud **tapa** apadéné **pasa**. Loro karoné ora bisa dipisahaké, amarga wong tapa biasané kinanthi pasa ing sakjroné pertapan. Semono uga wong pasa biasané uga dikanthèni laku tapa. Tradhisi ngéné iki kanggoné warga ing tlatah tanah Jawa wis suwé kocapé, sairing karo sêsêrêpan bab maca tulis, amarga titi laku budaya spiritual ngéné pancèn cinatet ing sawenèhing kitab sastra. Kayadéné pitutur luhur kang sinebut ing Sêrat Wulangrèh pangriptaning Sinuwun Pakubuwana IV, ing Kasunanan Surakarta, mangkéné uniné:

"Padha gulangên ing kalbu ing sasmita amrih lantip //aja pijêr mangan néndra//kaprawiran dènkèsthi//pêsunên sariranira// sudanên nadhah lan guling" = Tancêpna ing kalbu/ati, ing panêmu supaya pintêr, aja mung mangan karo turu, ilmu iku kudu diasah, kêndhalèni awakmu, dikurangi mangan lan ngombé. Pitutur iku diteruské mangkéné: *"Dadiya lakunirèku, //cêgah dhahar lawan guling, //lan aja kasukan-sukan,// anganggowa sawatawis, //nora wurung ngajak-ajak, // atêmahan ing batin"*. Tegesé: Apiké sliramu kabèh makarya sing têmên, nyuda mangan lan ngombé, supaya ngurangi nêpsu sing gêgulêng nèng awakmu, têntrêmaké batinmu, dadèkna sakwenèhé urusanmu uga, ing sakjroné ngangsu kawruh lahir-batin aja ragu. (Serat Wulangrèh, pupuh *Kinanthi,* pada 1-4). Woh ing pitutur mau ngupadi supaya pengalaman bisa dadi tulada supaya pantes dinut lan tambah budi pekertiné, senajan lahir saka pidak padarakan. Wosing atur, supaya pinangka kawula muda kudu têtêp ngudi kawruh tata krama, subha sita, lan andhap asor ora umuk.

Ewadéné **laku tapa,** ora gèsèh saka kekarêpan/tujuan **laku pasa,** yaiku supaya bisa anduwèni rasa nyêgah hawa nafsu kanggo nggêgayuh sing luwih gedé. Laku tapa dituladhani dening Pangeran Mangkubumi (ketembèn Sultan Hamengkubuwana I), rikala njarwakké *Serat Arjunawiwaha*. Cekak aosé carios, Arjuna mertapa (laku tapa) nitis dadi Bêgawan Mintaraga satria kang bisa ngasoraké raseksa Niwatakawaca sing ganggu gawé/ngobrak abrik Kahyangan. Rikalaning laku tapa, Arjuna antuk pacoban/ *godaan* sing mawerna-werna, kalêbu Batara Indra lan Batara Narada uga ora bisa nguwali tapané Arjuna. Wosing pitutur, laku tapa kayadéné Arjuna supaya bisa nyegah hawa nafsu sinambi tafakur manembah katur ing ngarsané Hwang Maha Kawasa. Ana ing tata kala Islam ing tanah Jawa, crita iki *diadaptasi* dening Pangeran Mangkubumi rikalaning sinau agama (nyantri) sinambi syiar agama Islam marang para petani. Supaya petani amung atur panêmbah mligi marang Hwang Maha Kawasa, dudu marang *Ratuning Menthèk,* panguasa/Ratu Ama Pari/tetanduran.

Têpa tulada saking Kangjeng Pangeran Pangkubumi (Sultan Hamengkubuwana I) mujudaké ruh ajaran leluhur babagan **mesu budi,** mliginé laku **pasa Jawa**. Reroncèning pitutur ingkang ngêmu rahsa ajaran Islam, dening Pengeran iki digayutaké karo serat-serat ing sak jeroné Al Quran, mligine surat Surat *Al-Ikhlas,* Surat *Yaa-sin,* Surat *Az-Zumar,* Surat *Saba*', lan Surat *An-Naml*. Lumantar carios bab *Ratuning Menthèk,* Pangeran Mangkubumi ngajaraké ajaran Tauhid *(Al-Ikhlas),* linambaran serat *Az-Zumar* lan *An-Naml*. Ewadéné keslametan lan *kesejahteraan,* kasêbat ing cuplikan kalimat "salaamun qaulam mirrabbir rahiim" =salam/selamet lan sejahtera, sing didhawuhaké déning Allah - Gusti Allah ingkang Maha Penyayang *(Serat Yaa-Sin: 58)*. Sak banjuré ana ing ajaran agama Islam, ana dhawuh mligi kanggo nglakoni **pasa ramadhan** *(Serat Al-Baqarah: 183),* ingkang mujudaké salah sawijiné Rukun Islam kang lima cacahé.



Gambar ilustrasi: RELIEF BEGAWAN MINTARAGA **(Arjunawiwaha)** *CANDHI/GUA SELAMANGLENG, KEDIRI*

Adat Nguras lan Padusan Raja Kaya

SENDHANG ANGIN-ANGIN

MLEBU wewengkon Dhusun Guwo, Desa Budaya Triwidadi, Kecamatan Pajangan, Kabupaten Bantul, papan kang banget murakabi tumrap warga masarakat sakiwa tengene. Ora mung warga Guwo, kepara warga njaban Desa Triwidadi uga migunakake banyu saka Sendhang Angin-angin kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane. Sanajan papane ana nggunung utawa luwih dhuwur tinimbang papan liyane, lan mangsane ketiga banyu Sendhang Angin-angin ora tau asat.



(foto-purwantono)

Mula Bukane

Mula ya saemper, manut ujaring para pinisepuh ing Guwo, sendhang mau tilarane Kanjeng Sunan Kalijaga. Rikala semana Kanjeng Sunan tindak lelana saka Cirebon tumuju Mataram langkung tlatah Guwo, pirsa kahanan warga masyarakat kang kangelan banyu tuwuh welase. Banjur piyambake dhawuh marang Sorejo sesepuh Guwo supaya ndhudhuk pereng cedhak kono. Dumadakan saka pereng mau metu banyune tekan saiki. Guwo dadi reja malah sakcedhake sendhang dadi kaya pasar, papan kanggo dol tinuku utawa 'barter' barang, asiling kebon, rajakaya, karangkitri lan sakpanunggalane. Kahanane dadi rame banget, Welinge Kanjeng Sunan, Sorejo kudu tansah ngupakara sendhang kanthi dikuras saben sadina sakdurunge Maulud Nabi, lan kanggo atur panuwun marang kang Maha Kwasa nggawe jenang abang. Pakaryan mau ditindakake nganti saiki.

Ana saweneh crita kang dibeberake dening sesepuh Guwo. Rikala prastawa benthiking Mataram lan Mangir, Pembayun kang diutus dening Panembahan Senopati supaya nungkulake Wanabaya sarana alus yaiku mbarang, lakune uga liwat Guwo. Sakwise kampir ing sendhang Kasihan, tindake

Pembayun mangidul mangulon tumuju Guwo. Gandheng sayah ngaso ing sendhang. Angin kang semribit kepenak kanggo ngaso mula, kersane Pembayun sendhang ing Guwo mau dijenengi Sendhang Angin-angin. Mulane tekan saiki sendhang tilarane Kanjeng Sunan mau katelah Sendhang Angin-angin.

Sakwise ngaso sakwetara, Pembayun sakrombongan miwiti mbarang ing papan utawa pasar ing Guwo sakngisore wit pule gedhe. Anggone mbarang sangsaya manteb amerga rumangsa wis pulih otot bebayune. Kanggo pangeling-eling Pembayun ngersake papan keramean ing Guwo cedhak sendhang Angin-angin sing tansah kanggo papan dol tinuku lan barter kuwi dijenengi Pasar Pule. Merga neng ngisor wit pule, lan werdine pulih otot bebayune. Emane saiki papan utawa pasar Pule mau wis bubar ilang kumandhange. Mung ana wit-wit pule sing isih padha urip.

Dina candhake, tindake Pembayun lan rombongan tumuju Mangir tekan papan pungkasan sing isih aman. Kanggo pangeling-eling papan mau dijenengi Polaman, tegese pol amane. Saiki dadi jeneng salah sijining dusun ing Triwidadi, pernahe kidul kulon Sendhang Angin-angin.

Upacara Adat

Kabeh crita mau sangsaya ngrenggani Sendhang Angin-angin kang tekan saiki isih dadi andalane warga sakiwatengen Guwo minangka sumbering banyu luwih-luwih ing mangsa ketiga. Sing ndadekake mongkoking ati, tekan saiki sumbering banyu mau isih diupakara, dirawat, diresiki dening warga kanthi dikuras pendhak setaun sepisan, ngepasi dina Maulud. Utawa sedina sakdhurunge hajad Dalem Grebeg Maulud. Lakuning upacara nguras Sendhang Angin-angin, warga gawe jenang abang minangka ujub syukur marang Pangeran Kang Maha Kwasa,wis pinaringan sumber toya sing ora tau asat. Sakwise sesaji dipasrahake ana ing sendhang dening 'mbah Kaum' diawiti nguras sendhang, banyune ditawu nganggo ember karo diresiki. Ora oleh nganggo dhiesel kaya nguras sumur. Mula mbutuhake gotong royong warga. Bengine diadani kendhuri lan tahlil mapan ing omahe Pak Dukuh, minangka ujub syukur lan pandonga muga-muga banyu sendhang ora asat lan murakabi kabeh warga masyarakat.

Wiwit taun 2017 sacedhaking sendhang dibangun joglo bantuan saka Dinas Pariwisata, kanggo gotrah kendhuri lan pinuwunan. Taun candhake, merga campurtangane Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY lewat desa budaya oleh fasilitasi upacara adat. Mula tradisi Nguras Sendhang Angin-angin sangsaya regeng lan nggugah warga liyane saiyek saeka kapti nyengkuyung upacara adat kuwi mau. Taun-taun sakdhurunge sing ngayahi nguras sendhang udakara mung wong pitu tekan sepuluh, wiwit taun 2018 meh kabeh warga Dusun Guwo ora gedhe ora cilik, kira-kira cacah rong atusan jiwa ambyuk nyengkuyung. Durung warga dhusun liyane kang rumangsa melu nduweni lan nggunakake banyu seka sendhang ora ketinggalan kepingin terlibat.

Upacara adat nguras Sendhang Angin-angin, saiki diawiti nganggo kirab ubarampe srana utawa sesaji jenang abang, ubarampe kenduri, piranti nguras sendhang lan uga



(foto-purwantono)



sakweneh rajakaya karang kitri seka omahe Pak Dukuh tumuju sendhang kairing salawat. Sakwise tekan sendhang kabeh ubarampe kapasrahake dening pangarsaning kirab (dukuh) tinampi pak Lurah/ Camat/Kepala Dinas, terus dipasrahke mbah kaum supaya didongani. Nek wis rampung dileksanani nguras sendhang, banyu sendhang disiramke neng rajakaya lan karangkitri, kepara ana sing kanggo raub, wisuh lan diwadhahi botol digawa bali. Sakbanjure kenduri takir, kabeh sing teka didumi takir isi sega gurih saklawuhe.

Ing taun 2020 iki yen ora ana alangan lan wis lodhang bebas Covid-19, Nguras Sendhang Angin-angin bakal diadani dina Rebo lan Kamis tanggal 28 lan 29 Oktober 2020. Sakdhurunge acara puncak bakal diadani festival dolanan anak lan permainan tradhisional.

PURWANTORO

Penonton Luber, Dhagelan Mataram Saya Digandrungi Pamirsa Mudha



Boss proyek ketemu arwah utawa hantune Sugeng Iwak Bandeng lan padu **(foto-abs)**

KEJABA anggelarake kesenian kethoprak kanthi ajeg ing saben dina Rebo bengi saengga sinebut Kethoprak Rebon, Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY uga nggelarake Dhagelan Mataram saben Rebo bengi uga ing minggu pungkasan saben sasine sajrone taun 2020. Minangka gelar utawa pementasan perdana Dhagelan Mataram ditindakake ing Rebu bengi, 29 Januari 2020. Kuwatir yen Gedung Societet Militer Taman Budaya Yogyakarta ora bisa ngemoti penonton sing mbludag, pementasan banjur dipindhahake ing Gedung Concert Hall TBY. Ngono wae Concert Hall tetep ora kuwawa madhahi penonton sing tetep mbludag.

Bab kuwi mesthi wae gawe mongkoge panitia. Ora wurung Indra Tranggono minangka sutradara pementasa Dhagelan Mataram Kontemporer kanthi lakon Hantu Emoh Korupsi nyatakake rasa suka gambirane. Jalaran penonton sing mbludag kuwi mau saperangan gedhe malah para nom-noman. Bab kuwi nuduhake menawa masarakat Yogyakarta tresna marang kabudayane dhewe sebab Dhagelan Mataram mujudake *entitas* kabudayan Jawa Yogyakarta lan uga mujudake tontonan alternatif. Mula saka iku Dhagelan Mataram iki mujudake salah sijine entitas seni sing perlu terus dilestarekake lan dikembangake. Ing taun 2020 iki bakal ana 11 kelompok Dhagelan Mataram sing bakal pentas ing TBY sing bakal pentas kaping pisan saben sasine. Dhagelan Mataram sing pentas iki bisa dikelompokakake dadi rong jinis, yaiku Dhagelan Mataram gagrak klasik lan gagrak kontemporer.

Pentas ing Rebo bengi, 29 Januari 2020 klebu jinis Dhagelan Mataram kontemporer. Lakon iki nyritake Hantu Anyaran (Sugeng Iwak Bandeng) lan Hantu Lawasan (Aldo Iwak Kebo). Kekarone gawe wedine kelompok Klithih sarta arep males lara wirange Hantu Anyaran marang tilas juragane sing wis mateni dheweke sarta bakal ndhemeni bojone Hantu Anyaran. Hantu Anyaran dipateni bosse marga emoh gawe mark up anggaran proyek gawe kretek. Para ing Dhagelan Mataram lakon Hantu Emoh Korupsi ing antarane yaiku Sugeng Iwak Bandeng, Aldo Iwak Kebo, Dalijo Angkring, Rio Srundeng, Gita Gilang, Wisben Antoro, Joned, Novi Kalur, Ari Purnama, Tere Sothil Wulandari, Tuminten, Hari Mona Ratu, lan Jumitri.

Mbludage penonton dhagelan kaambalan ing dina Rebu bengi, 5 Januari 2020 nalika dianakake pentas Dhagelan Mataram klasik kanthi lakon Manten Kewirangan dening Kelompok Getar Gundhul (Dagelan Mataram Gunung Kidul) ing Gedung Societet Militer, TBY. Dhagelan Mataram klasik memper gaya dhagelane Basiyo. Ana critane sing baku sing dadi tuntunane lakon. Kejaba kuwi paragane nganggo kostum pakaian tradhisional Jawa (Mataraman), semono uga guneman

utawa dialoge ya nggunakake basa Jawa, iringan nganggo karawitan lan uga dikompliti nganggo tembang-tembang Jawa. Dhagelan modhel iki umume martakake pesan (makna)-ne crita/lakon kanthi cara ora langsung (sasmita/sanepan). Kanthi mangkono penonton diajak mikir apa makna (karep)-e ing suwalike crita utawa ukara-ukara (dialog) sing diucapakake dening para tokohe. Apa makna ing suwalike crita utawa prakara-prakara sing bisa dirungokake lan didelok mripat.



hony ethok-ethok lara nalika ditagih dening Waluyo ***(foto-abs)***

Lakon Manten Kewirangan nyritakake Wong Sugih (Waluyo) sing salin srengat, kemaki, kemlinthi, lan kumratu-ratu. Dheweke kepengin duwe bojo maneh mula bojone sing lawas (Suhin) dipegat. Dheweke kepngin ngrabi kenya aran Sari anake Jhony sing utange akeh marang Wong Sugih mau. Yen sari oleh dirabi utange Jhony dianggep lunas. Sari dhewe wis duwe pacangan jenengane Gatot. Gator iki jebul adhine ipe Suhin. Keluwargane Jhony lan Suhin banjur ngreka daya supaya Sari ethok-ethok gelem dilamar. Bareng panggih temanten jebul mantene wadon Gatot sing nganggo sandhangan cara manten wanita lan nganggo cadhar. Wong Sugih mau mesthi wae kewirangan. Luwih wirang maneh nalika dheweke dikuya-kuya ing ngarepe wong akeh, kelbu dening bojone lawas, Suhin.



Gatot memba-memba dadi manten wedok ***(foto-abs)***

Tumrap Dhagelan Mataram klasik umume guyon utawa dhagelane ora adoh karo lakune crita. Tegese, pandome crita kuwi dhewe. Dene pungkasane crita mujudake dudutan utawa *kesimpulane* crita. Dhagelan Mataram dening Getar Gundhul iki disengkuyung dening Jhony Gunawan, Agus Sunarto, Wening, Waluyo, Suhin, Rubini, Kartika Sari, Riswanto, Gatot Sujarno, Arwanto, Mboso, Ais, Kapok, lan liya-liyane. Gandheng Getar Gundhul iki asale saka Gunung Kidul mula ora mokal yen dhialek, idhieolek, sarta jargon-jargon khas Gunung Kidul kuwi uga njedhul ing panggung, kayata tembung "gek", "cah", lan liya-liyane. **(abs)**

Kawigaten Kundha Kabudayan DIY Marang Kethoprak lan Sandiwara Radhio



(foto-fid)

PAMARINTAH DIY lumantar Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY terus nggrengsengake bab ngrembaka lan lestarine kabudayaan. Ing wulan Juni 2019 Disbud DIY mangun Tim Pengembangan Kethoprak lan Tim Pengembangan Sandiwara Radhio Basa Jawa. Tim iki nduweni tanggung jawab ngembangake lan nglestarekake seni kethoprak lan sandiwara radhio basa Jawa awit rong jinis kesenian iki mujudake kesenian sing dadi salah sijine ciri khas utawa idhentitase Yogyakarta. Tim pengembangan mawas menawa rong jinis kesenian iki kudu digatekake lan digarap wiwit saka "hulu" tekan "hilir". Perangan hulu kuwi mau ing antarane yakuwi bab anane (prodhuksi) naskah sing pethingan. Naskah sing beda karo naskah-naskah sing wis ana sadurunge (naskah kekinian/milenial). Tuladhane, naskah kethoprak senadyan temane bab Mangir-Senapati nanging kudu ana tafsir anyar (imajinatif-argumentatif). Kethoprak ora mujudake kupiya mindhahake "arus besar" sejarah ana ing panggung.

Kanggo mujudake kabeh mau mula sing sepisanan perlu ditindakake yakuwi workshop kanggo menehi sangu tumrap para calon penulis naskah. Sawise workshop para calon penulis mau "ditarungake" ing lomba/sayembara penulisan naskah (kethoprak lan sandiwara Radhio basa Jawa). Lomba penulisan naskah kethoprak sing ditindakake dening Disbud DIY iki bebungahe ora baen-baen. Sapa wae sing sasab utawa menang ing sayembara penulisan naskah kethoprak bakal diparingi bebungah wujud dhuwit gunggunge 20 juta rupiah potong pajak plus sertifikat saben pemenang. Kamangka pemenange dijupuk

10 wong. Dene sing lolos proposal (sing ora menang) nanging ngrampungake anggone nulis naskah diparingi bebungah 2,5 juta rupiah. Dene sing sasab ing sayembara penulisan naskah sandiwara radhio basa Jawa diparingi bebungah dhuwit 10 juta rupiah dene sing lolos proposal lan ora menang diparingi bebungah 1,5 juta rupiah.

Sepuluh pemenang sayembara penulisan naskah kethoprak kanthi tema sing wis ditetepake yaiku Ki Ageng Giring, Ki Ageng Mangir, lan Rara Jonggrang, yaiku: Albertus Sartono, Alfian Anggoro Mukti, Bayu Saptama, Herry Suryono, Joko Dwi Handono, Ki Wahyono Giri Mowocipto, Sudarmanto, Suprihatin, Sutino, lan Widodo Pujo Bintoro.


Dene 10 juwara pemenang sayembara sandiwara radhio basa Jawa kasebut yaiku Sukrisna/Krishna Miharja (Kutut), Magareth Widhy Pratiwi (PramudanI), Siti Aminah (Uwal), Elyandra Widharta (Dhangdhut Nganyut-anyut), Albertus Sartono (Onthel Glembuk), Agus Suprihono (Anjani), Syamsu Setiaji (Lemah Warisan), Fortunata Kaswani Rahayu (Kaligedhe 10 Windu Kepungkur), Fred Wibowo (Lemah Cengkar), lan Indra Tranggono (Kembang Alang-alang Watu Gilang).

Dene 10 naskah pemenang sayembara sandiwara radhio basa Jawa kategori pelajar yaiku Felda Noor Saidah (Sarangheyo Jogja), Ishika Putri Handayani (Matur Nuwun), Harundya Naresh Ramadhan (Kepangan Gengsi), Zalfa Aura Tsabita (Mulih), Gilbert Aria Anggara TP (Pak Guru), Marita (Gayuh Lintang), Daniel Daniswara (Olor Putih Ing Kali Opak), Nadia Vindi Amelia (Gamelan Ngundang Kamulyan), Selviana Dewi (Nrima lan Bejo Takdire Joko), lan Nuur Laila Khoirun Nisa (Legenda Sendhang Klampok). Tumrap 10 pemenang kategori umum saben wonge diparingi bebungah wujud uang pembinaan gedhene 2,5 juta rupiah potong pajak lan sertifikat. Adicara kepyalkan lan pembagian bebungah iki tumrap para pemenang sayembara penulisan naskah sandirawa radhio iki mau ditindakake ing Cokro Style Hotel, Jl. Mayjend Sutoyo Yogyakarta dina Selasa bengi, 3 Desember 2019.

Naskah-naskah pemenang sayembara lan naskah-naskah pinilih saka pasarta sayembara (36 judul) didadekake materi/bahan kanggo perekaman audio. Sawise kuwi banjur dianakake tembayatan karo patang stasiun radhio komersial lan 12 radhio komunitas sing nyawiji ana ing aringan Radhio Komunitas Yogyakarta kanggo nyiarake asile perekaman kasebut. Asiling perekaman 36 naskah kasebut uga ***digandaka ke*** kanthi CD/DVD kanggo keperluan ***distribusi*** tumrap sing mbutuhake minangga sarana ***hiburan edukatif.*** Asiling rekaman-rekaman kasebut uga bakal disiarake ing media siar nonradhio. Kejaba kuwi naskah sandiwara radhio basa Jawa minangka karya sastra drama bakal diterbitake kanthi wujud buku, yaiku buku kumpulan pat belas naskah sandiwara radhio kapilih saka 103 naskah pasarta lomba penulisan naskah sandiwara radhio basa Jawa kanggo umum lan pelajar SMA taun 2019. Ana uga buku sing isi rong naskah sandiwara radhio sambung-sinambung riptane Soemardjono, sing entuk gelar utawa julukan “Bapak” sandiwara radhio basa Jawa ing Yogyakarta.

Yen sandiwara radhio basa Jawa wis aktif mengudara kanthi dina lan jam tinamtu lan kethoprak uga mangkono, diajab bab iki dadi suguhan kesenian sing bisa dijagakake. Tegese, sapa wae sing arep ngresepi kesenian iki langsung bisa ngerti kapan dina, jam, lan ana ngendi papane. Kanthi mangkono uga bab seni sandiwara radhio lan kethoprak iki mau sawanci-wanci bakal “ngisi” memorine saben warga Yogyakarta. Bab ngene iki tanpa rinasa bakal dadi *habit* utawa *kebiasaan* sing banjur nyawiji ing laku padinane warga sarta ngisi pathi sari nilai-nilai kautaman (budi pekerti, unggah-ungguh, tata krama)-ne warga masyarakat Yogyakarta khususe sarta warga ngendi wae sing uga melu ngresepi kesenian iki.

(*abs)





(foto-fid)

SO 1 Maret,
Tonggak Sejarah Monumen Bibis dadi Pratandha



Kepala Kundha Kabudayan Kab. Bantul ***(foto-abs)***

ORA kena diselaki menawa Serangan Oemoem 1 Maret 1949 keduga gawe kagete jagad. Lirea sasuwene iki donya lir binius dening pawartane Walanda sing nyebutake yen TNI wis ora ana. SO 1 Maret 1949 keduga nguwasani Jogja sajrone enem jam. Wektu semana Jogja dadi Ibu kotane Indonesia sing nembe wae dijegi Walanda. Pawarta iki sumebar ing saindenging jagad lan njalari PBB ndheseg Walanda supaya gelem nganakake rembugan (perundingan) karo Indonesia sarta nglereni anggone tembak-menembak. Kawitan Walanda wangkot, nanging bareng diancam menawa Marshall Plann bakal dilereni kanggo Walanda, Walanda nembe manut. Walanda uga ngakoni kedaulatane RIS ing wektu semana kanthi Perundingan Meja Bundar (KMB). Perlu dingerteni menawa Marshall Plann mujudake bantuan saka Amerika Serikat kanggo Eropa Barat (klebu Walanda) sawise negara-negara Eropa Barat kuwi remuk-remukan dening Perang Donya II.

Ya marga sejarahe sing kaya mangkono kuwi SO 1 Maret kuwi mujudake tonggak sejarah sing wigati banget tumrape Indonesia. Mula tanggal 1 Maret kuwi diusulake minangka dina riyaya nasional. Pamrihe, generasi mudha ora lali marang tonggak-tonggak sejarah lan perjuangane bangsane dhewe. Magepokan karo kabeh mau Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Kabupaten Bantul kanthi panyengkuyunge Danais nganakake nganakake pengetan Hari Serangan Oemoem 1 Maret kanthi ngusung tema *Pengenalan lan Pengembangan Kesejarahan Monumen Bibis*. Pengetan iki mau ditindakake ing dina Senin, 2 Maret 2020 kanthi mapan ing Monumen Bibis, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul,

Monumen Bibis pinilih minangka lokasi pengetan kanthi ancas supaya suwasana lan romantika dumadi lan lumakune sejarah wektu kepungkur bisa diresepi utawa dihayati tandhes ing ati. Mligine sejarah bab mula buka nganti tekan pecahe perang sing sinebut Serangan Oemoem 1 Maret 1949 kuwi mau. Kanggo ngganepi lan njembarake kaweruh bab sejarah SO 1 Maret mligine nalika persiapan ing Monumen Bibis sing biyen nate dadi markase Letkol Soeharto lan pasukane, dirawuhake telung narasumber, yaiku Sumirah (pengelola Monumen Bibis), H. Sahrowardi (Ketua Legiun Veteran Republik Indonesia, Bantul), lan Julianto Ibrahim SS MHum (sejarawan Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada).

Monumen Bibis iki biyen-biyene mujudake omahe Truno Manggolo lan tiba waris nganti tekan putu buyute, yakuwi Sumirah sasedulur. Omah sing banjur didadekake monumen kuwi mujudake tinggalan sejarah sing penting awit ya ing omah kuwi Letkol Soeharto lan pasukane ngrancang mungguh kepriye becike anggone miwiti serangan serentak (umum) marang Walanda sing ngebroki Jogja. Ing kahanan kuwi Monumen Bibis dadi seksi sing ora bisa diselaki minangka salah sijine papan wigati tumrap dumadine SO 1 Maret. Dene tanggal 1 Maret kuwi dhewe wigati dipengeti minangka tonggak sejarah eksistensi-ne RI, TNI-rakyat ing wektu semana saengga bangsa Walanda ora bisa sakepenake dhewe jag-jagan ana Indonesia. **(abs)**



Pengembangan Sejarah. ***(foto-abs)***

Kulonprogo
Literacy Day Umbar Kreasi lan Ekspresi Seni Siswa SLB



Kelas literasi ndongeng ***(foto-smn)***

WUS dadi garising pepesthen Gusti Kang Akarya Loka, ora kabeh bocah kang lair ing alam donya iku kanthi sampurna. Ana sawetara kang lair kurang sampurna, kang sabanjure disebut anak *disabilitas*. Anak kang kawit lair ora normal, ing antarane tunanetra, tunarungu, tunawicara, tunagrahita, tunadaksa, tunalaras, angel sinau, ora bisa fokus, autis, lsp. Senajan lair kurang sampurna, nanging bocah-bocah kasebut tetep bisa sinau ing bangku pasinaon kang mligi disamektakake kanggo bocah *disabilitas* yaiku Sekolah Luar Biasa (SLB). Malah nalika para dwija bener lan pener anggone mulang, mbimbing saha mbina anak-anak *disabilitas* kasebut, sejatine anak-anak *disabilitas* uga duwe potensi kang ora kalah katimbang anak-anak kang lair normal.

Kanggo ngundhakake kabisane bocah-bocah disabilitas ing babagan literasi, Satgas Gerakan Literasi Sekolah SLB Kabupaten Kulonprogo nggelar acara ***"Kulonprogo Literacy Day"*** rikala dina Jemuwah 28 Februari 2020 mapan ing SLB Negeri 1 Kulonprogo. Kegiatan kasebut dieloni bocah-bocah disabilitas saka 8 SLB sa Kulonprogo. Ing kalodhangan kasebut rawuh Kabid Diksus Disdikpora DIY Drs Bakhtiar Nurhidayat, Ketua Musyawarah Kerja Kepala Sekolah SLB Kulon Progo Nasuha Surya Dinata MSi, Kepala SLB sa Kulonprogo, narasumber literasi saha bapak ibu guru pendhamping.

Miturut ketua Satgas Gerakan Literasi Sekolah SLB Kabupaten Kulonprogo Yustina Pristastuti SP, kegiatan kasebut diajab minangka wadhah kreasi saha ekspresi tumrap siswa SLB ing babagan literasi. Kegiatan literasi kanthi lomba majalah dhindhing (madhing) kanggo siswa siswi SLB saha kelas literasi tumrap siswa siswi SLB diampingi guru pendhamping yaiku kelas ndongeng kanthi narasumber Bardal SPd Jas, kelas cerpen narasumber Marwanto MSi, saha kelas cipta baca puisi kanthi narasumber Yustina Evinawati SPd.

Kabid Diksus Disdikpora DIY Drs Bakhtiar Nurhidayat nalika paring sambutan pengarahan saha mbukak acara ngendika kupiya ningkatake penguatan gerakan literasi kanggo mujudake pendhidihikan karakter. Pendhidhikan karakter gerakan literasi tumuju ekosistem pendhidhikan khusus kang relijius, rila lan ikhlas "andum" ngelmu, materi, lsp kanggo maju lan ngrembaka bebarengan. Anak-anak *disabilitas* perlu dibimbing kanthi "cara lan usaha khusus", ing pangangkah anak-anak kasebut bisa tumbuh kembang kanthi samesthine miturut potensi kang diduweni. Literasi dhasar kang kudu diajarake marang anak-anak *disabilitas* ing antarane literasi baca tulis, literasi numerik, sains, finansial, budaya saha literasi kewarganegaraan. Kanthi mangkono, senajan anak-anak *disabilitas* urip kang sarwa winates saha sarwa kekurangan katimbang bocah-bocah liyane, tetep bisa ngembangake potensi pribadhine saengga ing tembe bisa tumuju panguripan kang luwih mulya. **(smn)**



Kelas literasi ndongeng ***(foto-smn)***

Nulis Sujarah lan Budaya Kulonprogo kanggo Mangun Peradhaban Anyar



Pasarta Kajian Sejarah Kapanewon Se Adikarta lan Kulon Progo ***(foto-smn)***



Narasumber sejarawan Ahmad Athoillah MA (lungguh tengen) ***(foto-smn)***

SUJARAH madege Kabupaten Kulonprogo ora bisa uwal saka sujarah Kraton Mataram Islam. Nalika jaman paprentahan Sultan Agung Hanyakrakusuma (1613-1645), wewengkon kang kaapit Kali Progo lan Kali Bogowonto iku klebu tlatah ***Siti Numbak Anyar ing Tanah Pagelen*** (Bagelen). Nalika jaman paprentahan Sunan Amangkurat I, tlatah Numbak Anyar mlebu wewengkon ***Nagaragung***. Sawise prajanji Giyanti taun 1755, Kraton Mataram Islam kabagi loro yaiku Kasunanan Surakarta (Paku Buwono) saha Kasultanan Ngayogyakarta (Hamengku Buwono). Rikala paprentahan Sultan Hamengku Buwono I nganti Hamengku Buwono II, tlatah Numbak Anyar mlebu ing wewengkon Mataram Gading (iring kidul) lan Mataram Krajan (iring lor). Sawise Pangeran Notokusumo kaangkat minangka Paku Alam I ing Kadipaten Pakualaman rikala taun 1813, saperangan tlatah Kasultanan Ngayogyakarta ing antarane Kali Progo lan Kali Bogowonto iring kidul, kaparingake marang Paku Alam I ing Kadipaten Pakualaman. Tlatah iku banjur kasebut Kadipaten Karangkemuning kanthi kuthagedhe ing Brosot.

Dene ing tlatah Nagaragung Kasultanan Ngayogyakarta madeg 4 kabupaten yaiku Kabupaten Pengasih (1831), Kabupaten Sentolo (1831), Kabupaten Nanggulan (1851) saha Kabupaten Kalibawang (1855). Nalika taun 1912, kabupaten-kabupaten iku nyawiji dadi siji yaiku Kabupaten Kulonprogo. Rikala taun 1877, Kadipaten Karangkemuning ganti jeneng dadi Kadipaten Adikarta sairing pindhahe kuthagedhe Brosot tumuju Bendungan. Taun 1951, Sri Sultan Hamengku Buwono IX saha Sri Paku Alam VIII sarembug bakal nggabungake kabupaten loro yaiku Kabupaten Kulonprogo (kanthi kuthagedhe ing Sentolo) saha Kabupaten Adikarta (kanthi kuthagedhe ing Wates) nyawiji dadi Kabupaten Kulonprogo kanthi kuthagedhe ing Wates. Gabungan kasebut lelandhesan *UU Nomor 18 taun 1951 tentang Perubahan Undang-Undang Nomor 3 Tahun 1950*. UU kasebut katetepake tanggal 12 Oktober 1951 saha diundhangke rikala 15 Oktober 1951. Mula 15 Oktober 1951 katetepake minangka dina madege Kabupaten Kulonprogo. (Sejarah Pemerintahan Kabupaten Kulonprogo, 2015).

Kanggo nyinau sujarah kang wus dumadi ing jaman kawuri saha kanggo nyiapake bahan panulisan sujarah 12 kapanewon ing wewengkon Kabupaten Kulonprogo, Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Kabupaten Kulonprogo ngadani acara "Ngangsu Kawruh Kajian Sejarah Kecamatan se-Adikarta lan Kulonprogo" rikala dina Selasa-Rebo tanggal 17-18 Maret 2020 mapan ing kompleks Cagar Budaya Eks Pengepul Nila Bulurejo, Pengasih, Kulonprogo. Acara kasebut dieloni 12 panewu, 88 lurah, ketua MGMP IPS, dhosen saha mahasiswa Prodi Sejarah IKIP PGRI Wates, Guru Sejarah SMA, siswa-siswi 11 SMA/SMK sa Kulonprogo, saha Komunitas Penggiat Sejarah Kulonprogo (KPSKP), kanthi narasumber sejarawan Ahmad Athoillah MA, Kabag Administrasi Pemerintahan Setda Kulonprogo Drs Nur Wahyudi MM, tokoh masarakat Drs H Ahmad Subangi saha budayawan Umar Sanusi HP.

Kepala Kundha Kabudayan Kabupaten Kulonprogo Drs Untung Waluya nalika paring sambutan pambuka ngajak para pasarta nyinau sujarah Kabupaten Kulonprogo klebu sujarah kapanewon. Sebab racake masarakat saha para pelajar nyinau sujarah mung winates ngapalke taun-taun kang wus dumadi. Kupiya Kundha Kabudayan Kulonprogo kanthi nulis sujarah uga budaya ing Kulonprogo minangka kanggo nguri-uri, dhudhah-dhudhah, dhudhuk-dhudhuk, dhukir-dhukir nilai-nilai budaya kang lumaku ing Kulonprogo.

Mula panulisan sujarah lan budaya kajaba kanggo nambah arsip, buku lan tulisan kang wus ana, uga mbukak wawasan anyar tumrap sujarah lan budaya Kabupaten Kulonprogo kang sasuwene iki durung dimangerteni dening masarakat, kang gedhe pangaribawane tumrap generasi candhake kanggo mangun peradhaban anyar**.(smn)**

Ekonomi Kreatif

Guwa Kiskendha Tandha Kulonprogo Gumregah

KABUPATEN Kulonprogo minangka salah sawijine kabupaten ing wewengkon DIY sugih ing babagan seni tradhisi. Maneka warna seni tradhisi urip ngrembaka lan terus diuri-uri wargane. Lumantar Keputusan Bupati Kulonprogo nomer 310/2014, wus ditetepake 12 kesenian unggulan Kecamatan, yaiku seni Jathilan (Wates), Incling (Temon), Keroncong (Panjatan), Reog (Galur), Hadrah (Lendah), Oglek (Sentolo), Kethoprak (Pengasih), Krumpyung (Kokap), Panjidor (Nanggulan), Wayang Topeng (Girimulyo), Jabur (Kalibawang), Lengger Tapeng (Samigaluh) saha 2 kesenian unggulan Kabupaten Kulonprogo yaiku Angguk saha Campur Krumpyung.

Kajaba sugih seni tradhisi, sesawangan panorama alam ing Kulonprogo uga kawentar endah nengsemake. Salah sijine yaiku panorama alam ing Guwa Kiskendha, Jatimulyo Girimulyo. Guwa Kiskendha minangka aset wisata alam kang gedhe pangaribawane tumrap undhaking kesejahteraan masarakat. Ing kono wisatawan bisa ngrasakake swasana alam kang seger lan asri, wisata susur Guwa, wisata reliji, lsp. Kanggo narik kawigaten wisatawan, digelar maneka seni tradhisi saha pameran ing obyek wisata Guwa Kiskendha rikala dina Minggu 23 Februari 2020 kanthi acara Gelar Ekonomi Kreatif 2020 kang diadani Dinas Pariwisata Kabupaten Kulonprogo bebarengan Forum Komunikasi Desa Wisata Kulonprogo “Dewi Progo”.

Acara Gelar Ekonomi Kreatif 2020 dirawuhi Bupati Kulonprogo Drs H Sutedjo, Asisten Perekonomian Pembangunan dan Sumber Daya Alam Ir Bambang Tri Budi Harsono MM, Ketua Dewan Kerajinan Nasional Daerah Kulonprogo Dra Sri Wahyu Widati Sutedjo, Kepala Dinas Pariwisata Kulonprogo Dra Niken Probo Laras SSos MH, Kundha Kabudayan Kulonprogo, Staf Ahli Bupati Bidang Ekonomi dan Pembangunan, Kepala Bappeda, Kapolres Kulonprogo, Kepala OPD, Panewu Girimulyo, Lurah Jatimulyo, Lurah Purwosari saha warga masarakat Kulonprogo.

Ing kalodhangan kasebut, seni tradhisi digelar ing Amphiteater Guwa Kiskendha yaiku kesenian Incling Kridha Laras, Jathilan Lancur, Lengger Tapeng Indra Cipta, Sendratari Sugriwa Subali saha Angguk Putri Sekar Kencono. Sadurunge ing kono uga diadani senam masal saha perform Srikandi Selaras Polres Kulonprogo. Dene pameran maneka prodhuk kuliner, busana, kerajinan, seni rupa, kriya, lsp diadani ing pendhapa Guwa Kiskendha. Ketua Forkom Desa Wisata Kulonprogo “Dewi Progo” Galuh ngandharake kegiatan kasebut mengku karep minangka wadhah penyalur kreatifitas masarakat saha pendhukung kebijakan program Badan Ekonomi Kreatif. Pengembangan ekonomi kreatif dadi kekuatan kang bisa ningkatake dhaya saing prodhuk.

Bupati Kulonprogo Drs H Sutedjo nalika paring sambutan ngendika, apresiasi kang gedhe marang kegiatan Gelar Ekonomi Kreatif 2020. Prodhuk-prodhuk asil kreatifitas saha kerajinan warga Kulonprogo siap bersaing ing pasaran. Mula saka iku, masarakat Kulonprogo diajak nyengkuyung kanthi spririt bela beli Kulonprogo, saengga kreativitas saha kerajinan warga Kulonprogo kasebut diajab bisa tansaya ningkatake undhaking kasejahteraan warga masarakat.**(smn)**



Lengger Tapeng Indra Cipta ***(foto-smn)***



Sendratari Sugriwa Subali ***(foto-smn)***



Wacan geguritan dening generasi enom SSJY ing ambal warsa SSJY kaping 29 **(foto-abs)**

29 Tahun SSJY: Sastra Jawa kanggo Sapa?

TAUN 2020 iki Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) yuswa 29 taun. Ing sajrone taun kuwi SSJY wis kasil nglairake penulis/sastrawan Jawa sing pethingan. Sebut wae ing antarane yaiku Ay Suharyono, Krishna Miharja, Warisman, Margaretha Widhy Pratiwi, Ardini Pangastuti, Eko Nuryono, Suciati, Is Sardjoko (Nini Klenyem), Mulyantoro, Agus Suprihono, lan liya-liyane. Ana uga penulis/sastrawan sing luwih yunior, ing antarane yakuwi Yohanes Adhi Satiyoko, Siti Aminah, Eko Purwanto, Astri Pradnya Ratri, Sinar Indrakrisnawan, Hayu Avang Darmawan, para mahasiswa saka maneka warna universitas, lan liya-liyane.

Ambal warsa SSJY sing kaping 29 lan ditindakake ing Lantai II Kantor Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta rikala dina Minggu, 23 Februari 2020 iki direnggani nganggo rerangken acara, kayata arak-arakan geguritan lan cerkak, kedhuk tumpeng, pembagian buku lan majalah Pagagan, sarasehan, lan kembol dhahar. AY Suharyono minangka anggota SSJY senior ing acara kasebut kadhapuk nyritakake bab sejarah madege SSJY. Sri Widati minangka paraga sing miwiti ngedegkake SSJY uga mratelakake mungguh kepriye mula bukane SSJY madeg. Pancen ya ora mulus. Akeh pengalaman pait, manis, kecut, lan asin sajrone ngipuk-ipuk uripe SSJY sing madeg ing wulan Februari 1991 kasebut. Kepara kanggo ngurip-urip kegiatane SSJY, anggotane SSJY uga nate ditindakake kanthi urunan. Semonoa pengurus rumangsa seneng amarga anane SSJY njalari generasi mudha akeh sing kepilut nggeluti sastra Jawa. Yen ora awake dhewe banjur sapa maneh, yen ora saiki banjur kapan? Ngono slogan sing kerep kawetu ing patemonane anggota sanggar.

Ing ambal warsa sing kaping 29 iki SSJY ngusung tema *Sastra Jawa Kanggo Sapa?* Tema iki ing rancangan awal bakal dionceki dening patang narasumber, yaiku Eko Purwanto, Hayu Avang Darmawan, Astri Pradnya Ratri, lan Sinar Indrakrisnawan. Nanging marga rong narasumber nembe ana pambengan, tema iki banjur dionceki dening rong narasumber kanthi modherator Yohanes Adhi Satiyoko. Ing sarasehan kasebut Prof Suwardi Endraswara nelakake menawa sastra Jawa kuwi kanggo wong sing gelem mikir kanthi cerdhas (lantip). Semonoa ora mung cerdhas wae, nanging uga njurung marang tata laku arif-wicaksana. **(abs)**



Pagas tumpeng dalam rangka HUT SSJY ke-29 oleh Sri Widati didampingi Y Adhi Satiyoko selaku Ketua **(foto-abs)**

PBTY Saya Kondhang Ngumandhang





(foto-abs)

PEKAN Budaya Tionghoa Yogyakarta (PBTY) ing taun 2020 iki wis lumaku sing kaping 15. PBTY wis dadi agendha sing ajeg kanggo mahargya Warsa Enggal Imlek. Dene tema sing diusung PBTY kaping 15 ing taun iki, yakuwi The Cultural Colors of Wonderful Indonesia (Warna-warni Budaya dalam Keindahan Indonesia). PBTY ditindakake dening Jogja Chinese Art & Cultural Center (JCACC) kasengkuyung telung paguyuban, yakuwi Paguyuban Bhakti Putera, Hin An Hwee Koan, Paguyuban Sosial Marga Tionghoa Indonesia (PSMTI) DIY tembayatan karo Pemkot Yogyakarta, Pemda DIY. Lumakune PBTY 2020 diwiwiti tanggal 2-8 Februari. Rerangkene acara PBTY sing kerep ditunggu masarakat Yogyakarta sarta wisatawan lan minangka pahargyan sing paling gayeng yaiku acara Malioboro Imlek Carnival.Dene rute karnaval kawiwitan saka Parkiran Abubakar Ali-Malioboro-Titik Nol Kilometer. Kaajab acara iki mahanani warga masyarakat sansaya tepung lan dunung marang akluturasi seni budaya Tionghoa lan Indonesia.

Ana maneka warna acara kanggo ngregengake PBTY XV iki, ing antarane yaiku Jogja Dragon Festival ing Atrium Sleman City Hall (1/2), Malioboro Imlek Carnival ing Malioboro-Titik Nol (2/2), lan Talent Show Koko Cici Jogja ing Atrium Sleman City Hall (6/2). Kejaba kuwi ana uga acara sing dipusatake ing Kampung Ketandan wujud Panggung Utama (2-8/2), Food Bazaar (2-8/2), Panggung Band (2-8/2), Wayang Potehi (2-8/2), Pameran Rumah Budaya (2-8/2), Lomba Karaoke Mandarin (3-4/2), Chinese Costum Competition (5/2), Mandarin Vocabulary Dictation Competition (6/2), Mandarin Song Vocal Group Competition (7/2), l an Grand Final Koko Cici Jogja (7/2).

Mligi acara Malioboro Imlek Carnival Malioboro dipeloni dening 12 kelompok, ing antarane, yaiku Pemenang Jogja Dragon Festival, Drumband Baladika Arhanud 15, Tim Wushu DIY, The Biggest Reog, Tari Wanara, Maskot Shio Tikus, Koko Cici, Tarian Tibet, Tarian Long Di Gu Xiang, Tarian One Mission for The World, dan Liong Hoo Hap Hwee.

Ing kalodhangan iki Tri Kirana Muslidatun minangka Ketua Panitia PBTY ana ing pidhato sambutane ing antarane ngandharake menawa PBTY tan iki mujudake acara sing diarep-arep masyarakat, mligine warga Kota Jogja. Muga-muga bab kasebut sansaya ningkatake pangerten lan ngregani marang anane akulturasi budaya. Sendayanta menegeti Taun Baru Imlek nanging PBTY ora mung nggelarake kesenian utawa budaya Tionghoa wae, nanging uga budaya lokal.**(abs)**



Pranatacara, Agen Budaya Jawa

Para lulusan kursus MC Jawa ing TRB nampa partisara. **(foto-abs)**

PRANATACARA lan Pamedhar Sabda sing kerep uga disebut MC Jawa tumekane dina iki tetep dibutuhake masyarakat. Mligine masyarakat sing padha duwe kajat mantu, sripah, slametan, lan pahargyan tinamtu (ulang taun, mitoni, supitan, kumpulan trah, lsp). Ing acara-acara kaya ngono kuwi apa sing sinebut pranatacara utawa MC tetep dibutuhake. Mula ora mokal yen pawiyatan-pawiyatan utawa lembaga kursus MC basa Jawa tekan saiki ya tetep payu kepara malah sansaya laris awit akeh wong kepengin bisa ngrakit tata basa (Jawa) kanthi unggah-ungguh, tata cara, tata krama sing jangkep, edi, peni, lan ngresepake yen diprungu dening wong liya. Kepara akeh uga sing kepengin kursus MC Jawa ora merga kepengin dadi MC utawa Pranatacara lan Pamedhar sabda nanging marga dheweke kerep didhapuk kudu omong ing ngarepe wong akeh (pasamuwan) ing kampung.


Tembi Rumah Budaya, Bantul sing uga nganakake kursus utawa pamulangan MC basa Jawa tumekane taun 2020 iki wis kasil nglulusake pasarta kursus angkatan sing kaping-42 kanthi gunggung kelulusane ana 27 kursisten. Umume, saben angkatan nglakoni kursus suwene telung sasi. Upama saben angkatan kuwi jumlah lulusane rata-rata ana 20 wong mula gunggunge lulusan kursisten MC Jawa ing Tembi wis ana 440 wong. Perlu dingerteni menawa saben angkatan kursus MC Jawa ing Tembi gunggunge ana 30-an wong. Semonoa umume ora kabeh bisa nerusake nganti buntas (lulus) lan nampa partisara. Yen dietung saben angkatan anggone sinau suwene telung sasi mula lumakune kursus MC Jawa ing TRB Bantul wis ana udakara 10 taun luwih. Dene minangka dwija kursus MC Jawa ing TRB yaiku Ignatius Wahono, Angger Sukisno, lan Maria Kadarsih.

Satemene para MC Jawa uga dadi bebetenge kabudayan Jawa. Lire, dheweke mesthi kudu ngendikan utawa omong nganggo trap lan treping basa Jawa sing pener. Kejaba kuwi uga jinurung kudu edi lan resep dirungokake. Kepara anggone ngendikan mau uga kudu ndadak nganggo ngadi busana lan ngadi sarira. Yen anggone nganggo busana ora trep utawa pener mesthi bakal disaruwe. Ya ing kene iki para MC Jawa gelem ora gelem kudu sinau mersudi basa, unggah-ungguh, sinau busana lan asesorine sing trep. Kepara uga sinau gendhing, tembang, lagu-lagu modern, lan liya-liyane. Kanthi mangkono MC Jawa sacara langsung apa ora wis dadi agen kabudayan Jawa. **(abs)**

Duwung Sengkelat

MAJAPAHIT kawentar ngantos dumugi negeri Cina. Anamung semantena luhuring kraton Majapahit mboten wonten tapakipun. *Sirna ilang kertaning bumi* mujudaken satunggaling pratandha angka taun Majapahit sirna utawi sedanipun Prabu Bre Kertabumi, Panguwaos pungkasan Majapahit. Taun sakanipun kanthi angka taun 1400 utawi taun Masehi 1478.

Sandyakalaning Majapahit utawi pungkasaning agunging kraton Majapahit sanget miris. Wonten ing sujarah Majapahit ngadhepi pungkasaning ambruking kraton dipun gambaraken, Kraton rusuh , kadipaten-kadipaten lan raja raja alit sami berontak sami kepengin mardika. Dene ing dalem kraton sami crah. Para pengageng kraton sami rebut kuwaos, dene para punggawa lan tamtama kraton ingkang kedah njagi katentremaning negari sami suka parisuka mendem minuman candu. Madat main lan madon ngrembaka.



(foto-swa)

Suasana ingkang gambaraken mburu kadonyan punika andadosaken para ulama utawi kyai sarta para brahmana lan pandeta prihatos. Orang jawi nyebat kanthi ukara sekel utawi jengkel. Boten nama aneh menawi satunggaling Susuhunan (miturut Babad) dhawuh dhateng satunggaling empu supados yasa duwung kanthi luk tiga welas. Keris kasebat miturut catetan bahan bakunipun saking Cis (teken kangge nggiring unta) ingkang dipun yaknini minangka Cisipun Nabi. Kanthi wontenipun sanepan kasebat saged dipun dudut bilih wontenipun duwung punika mujudaken panggantha supados masarakat Majapahit manut miturut tuntunan agama malih.

Wonten ing kabudayan pakerisa Jawi, keris lekuk 13 gadhahi makna ingkang gadhah pangajab wangsul dhateng arah tujuan gesang ingkang sae, gesang ingkang nurut margining Allah. Tujuan gesangipun manungsa tumuju dhateng Pangeg ran. Luk tiga welas, tegese las lasaning gesang, akhir gesangipun manungsa. Karana keris luk setunggal ngantos tiga welas gadhahi makna satunggaling ajaran tumuju dhateng margining Allah.

Pramila temtu wonten makna ingkang lebet kenging punapa keris luk 13 ingkang pun sebat Sengkelat punika dening Sunan Kalijaga, dipun pasrahaken dening empu dhumateng Prabu Brawijaya injih Bre Kertabumi. Pramila keris punika lajeng kasebat keris Sengkelat, ingkang mujudaken nami turunan saking tembung ***sekel***. Dene wonten pangertosan sanesipun ingkang paring sasmita bilih anggenipun ngasta dipun ***sengkelit***.

Saking babad dipun cariosaken wontenipun pusaka Majapahit ingkang asma Kyai Condong Campur musna saking Dalem kapusakan. Keris Condong Campur punika miturut Empu Djeno Harumbraja luk gangsal, Keris punika dipun yakini dados andalanipun Majapahit ingkang saged nyawijekaken masarakat Majapahit. Pramila duwung punika sirna dados pratandha tuntunan lan cepenganing masarakat ical.

Pramila punika Sunan Kalijaga ngajab Prabu Bre Kertabumi wangsul malih martobat lan taqwa dhateng Pangeran. Lan dipun ajab para punggawaning praja merangi kemungkaran lan kadurjanan ingkang wonten Majapahit. Karana menawi situasi makaten dipun terasaken badhe ngrisa negari. Ingkang dumados amung wonten apus krama, rampok, begal kecu, rodhapaksa. Ingkang paling kuwaos gadhahi wewenang . Ananging kadosipun Majapahit sampun mboten saged dipun tulung malih. Kelompok kelompok ingkang nguwaosi Majapahit sampung mboten saged nggadhahi pikiran wening malih. Sedaya kepenging dados panguwaos. Saben panguwaos ngajengaken panyuwunanipun piyambak piyambak tanpa gadhahi tetimbangan kagem kelompok sanesipun.

Masarakat lan punggawa kraton lena, karana mendem penyakitipun masarakat kadosdene, malima, madat, main, madon, minum, maling. Tegesipun para punggawa sampun mabuk dem deman. Tundhonipun kraton sampun mboten wonten ingkang mikiraken saksampunipun raja seda. Majapahit sampun mboten saged dipun tulung malih. Sandyaklalaning Majapahit mujudaken kacabenggala ingkang kuclem tumrap bangsa Jawi nalika semanten.

KI JURU BANGUNJIWA



Jempol Larang

KARTIKA

"GRUPYAK, brok....!"

"Aduh, iyung. Wid ... Widya, tulungi ibu! Widya... !" pambengoke Bu Weni. Ora let suwe prawan ayu sajak gedebugan mlayu tumuju arah swara.

"Dhuh, kadospundi ta, Bu, kok saged dhawah motore? Ibu mboten menapa-menapa ta?"

"Ora, aku ora papa, wis kuwi didegke motore!" Bu Weni sajak sengol nyemauri anake. Sing disemauri gage tumandang uwis apal lageyane ibune yen kawanen.

"Ana apa ta, Wid? Mbokya alon-alon!" celathune pawongan lanang dhuwur senadyan sepuh isih katon gagah. Pawongan mau ora liya Pak Pur garwane Bu Weni sing ujug-ujug wis ana ing sacedhake Widya.

"Menika Pak, motore Ibu dhawah, sanes kula." Widya semaur sinambi ngelapi motore ibune kang reget.

"O, terus ibumu piye?"

"Ngendikanipun mboten menapa-menapa, Pak. Nembe gantos ageman enten ingkang suwek"

"Ya, syukur nek ora papa." Pak Pur nyedak, melu ngiling-ngilingi motor Scoopy putih jleret ireng kang diresiki anake.

"Pak, menika kadose beset, wau kula tuntun seret, mbokmenawi wonten ingkang kirang trep?" Widya menehi katerangan sinambi nuduhake perangan motor kang sajak beset.

Pak Pur namatake motor kanthi permana.

"Wo iya, iki perlu digawa menyang bengkel, mbokmenawa ana kang geseh. Njaluk tulung motore sijine ditokake, Nduk! Ibumu kareben nganggo kae wae."

"Nggih, Pak." Widya banjur menyat tumuju garasi. Dene Pak Pur nuli nuntun motor Scoopy. Durung nganti limang jangkah, krungu pambengoke Bu Weni.

"Lhah dalah, montore ki endi ta, iki? Wid... Widya montore diseleh ngendi? Piya ta iki? Ngerti ibune kesusu malah dibebingung!" Bu Weni kekiter ing ngarep lawang karo ingak-inguk sajak mangkel. Pak Pur gage nyedaki bojone karo nuntun bali Scoopy-ne.

"Bu montormu perlu dibengkelke, ana kang perlu dibenakke. Nganggo Supra kae dhisik! Lagi dicepakake Widya, Bu!"

"Ora Pak, sisan wae mengko tak ampirne bengkel Kidul sekolahan! Selak arep pinjer, njempol!" Bu Weni gedumelan banjur ora nggubris ngendhikane Pak Pur. Dheweke gage tumuju Scoopy-ne.

"Bu, nganggo Supra wae! Apa tak terke?" pangerih-rihe Pak Pur marang bojone.

"Uwis ta, Pak. Pundi kuncine, selak awan, telat mengko anggonku njempol, Pak?!" Bu Weni sajak ora sranta njaluk kunci ana tangane Pak Pur. Kepara malah kaya dijaluk kanthi kasar. Widya sing uga ndeleng kahanan mau hamung unjal ambegan.

"Napa kula nderekaken mawon, Bu?" Widya manek-manekake urun rembug.

"Kowe kuwi padha karo bapakmu senengane malah ngisruhi, nambahi awan! Wis kana minggir arep mangkat aku!" Bu Weni wis ora kena dipenggak kekarepane. Ngeciput nyetarter motor nggeblas. Pak Pur karo Widya hamung ngelus dhadha.

"Wis, Nduk. Gek kana apa butuhmu mengko mundhak melu kawanen!" ujare Pak Pur marang Widya.

"Nggih, Pak. Bapak ampun duka nggih kalian Ibu! Margi ibu saking anggenipun Pak." Widya nuli nyeraki lan ngruket bapakne sinambi kaca-kaca.

"Ora papa, Nduk. Bapak rak luwih apal timbang kowe!" Pak Pur nutupi rasa sedhihe. "Wis, kana gek siap-siap mengko n[illegible] kawanan, kowe! Aku arep niliki sawah dhisik," ujare sabanjure.

"Nggih, Pak." Widya gage mlebu njupuk anduk arep adus.

Durung nganti tekan mburi suwara HP muni banter. Bareng ditiliti pranyata ana 10 panggilan ora kajawab saka nomere ibune. Widya gage nelpon balik.

"Hallo, Assalamualaikum, Bu?"

"Walaikum salam, leres niki putranipun Bu Weni?" Swara wong lanang kang ngangkat telpone ndadekake Widya kaget.

"Eng... nggih, niki sinten? Kok nangge HP ibu kula?"

"Nyuwun ngapunten, Mbak niki HP-nipun keng Ibu kula beta, kula Restu, saking Polsek Pajangan. Nuwun sewu nyaosi pirsa keng ibu pikantuk alangan dipun bekta wonten PKU Bantul nembe kemawon."

"I..ibu kenging alangan? Tras, pripun Pak? Ibu dospundi?" pitakone groyok, Widya rada **syok.**

"Saenipun enggal tindak griya sakit, Mbak. Motor sanes-sanesipun saged dipun rembag sekalian mlampah!"

"Nggih, Pak matur nuwun."

Widya gage nutup tilpune nganti ora nyetitekake wangsulane Pak Restu. Pikirane wis mabur tekan ngendi-ndi mikir sing ora-ora.

"*Astagfirullah hal'adzim*..... Gusti mugi Ibu tansah pinaringan rahayu, aamiin," pangudarasane Widya kanthi luh kang dlidhir mudun ana pipi kang putih mulus.

"Ana apa, Nduk?" Pak Pur kang rekane njupuk piranti kanggo neng sawah, dumadakan wis nyekeli pundhake banjur takon kanthi ngati-ati. Kang ditakoni malah mung ngruket bapakne sinambi nangis ngglolo.

"Huk...huk...Ibu, Pak. Hu...hu...!"

"Ibu kenapa? Ana apa, Nduk?"

"I...ibu nampi alangan, Pak. Hu...hu..."

"Dhuh Gusti, ana ngendi saiki piye?"

"Teng PKU Bantul, Pak."

"Ya, wis Nduk. Ayo gek dikaruhke ibumu, muga-muga ibumu ora papa, rahayu, Nduk."

***

Udan riwis-riwis sajak kekancan karo mendhung putih mula betah ora uwis-uwis. Kaya-kaya melu sungkawa marang keluwargane Bu Weni. Pak Pur ora ngrewes udan gage anggone nglakokake motore kanthi banter saking selak kepengin meruhi kahanane sisihane. Kepiye wae Bu Weni iku sigaraning nyawane. Kabeh babagan Bu Weni embuh apik utawa elek sawise akad nikah rungpuluh taun kepungkur uwis diniyati. bakal ditampa kanthi legawa. Mula krungu sisihane nampa alangan banjur dheweke ora sranta, senajan mau bar dilarani. Embuh saking tresnane embuh marga saking kerepe dadi ora dirasa, bisa uga loro-lorone.

Pak Pur ngebut, kaya arep mabur-mabura lali manawa mboncengke anake wedok kang banjur ngruket gocekan kenceng, kuwatir tiba. Udan riwis dadi seksi isining ati priya sejati kang tansah ngugemi janji hanggayomi hangrungkepi gantilaning ati.

Ora let suwe Pak Pur lan Widya uwis tekan PKU Bantul. Gage Widya takon karo petugas informasi. Sakloron banjur tumuju ruang ICU.

Praupan pucet ngatang-ngatang kiwa tengen kebak selang pating crentel tekan irung gawe miris. Pak Pur lan Widya ora kuwawa nyandet luh kang kaya-kaya ora bisa kabendung. Saumur-umur nembe pisan iki Widya meruhi bapakne neteske waspa. Saya seseg rasane ati meruhi pawongan kang wis nggulawenthah dheweke lan banget ditresnani nandang sungkawa. Ora ana liya saliyane nelangsa. Donya dumadakan petheng ndhedhet. Raga lan sukma kaya ora gelem kekancan trima adoh-adohan sawetara. Ngulambara.

***

Widya mbukak mripate, gumricik swara banyu sajak ngugah anggone turu. Katon bingung nyawang kiwa tengen kang sarwa endah. 'Ana ngendi iki?' batine Widya. Durung sida menyat, saka mburi ana wewayangan wanita ayu nganggo klambi sarwa putih kaya pangentha-enthane nalika cilik ngenani widodari utawa purtri peri. Widya namatake wanita mau kang banjur aweh esem.

"Ibu? Ibu kengeng menapa wonten mriki? Niki wonten pundi, Bu?" Wanita kang diundang amung mesem, banjur lungguh ngelus-elus rambut karo gegere. Mripate malih sayu ngemu rasa getun kacampur sedhih.

"Ndang bali, Nduk! Ibu jalukna pangapura marang bapakmu. Dadia wanita kang sulistya, wanita sejati kang ngreti bekti marang kakunge, lembah manah marang sisihanmu ing tembe!" Bubar ngendika mangkono rerupan kang memper ibune ngadeg menyat nyalami Widya. Widya kang banjur sadar menawa ibune bakal lunga banjur gage nggondeli, nanging kaya ana daya kang njorokake dheweke, misahake dheweke karo ibune.

"Ibu...Ibu...!"

"Widya, Nduk! Alhamdulilah kowe wis eling, Nduk. Lilakna ibumu, ibumu wis tekan wancine dikersake bali Kang Kagungan!"

"Ibu.... Hu....hu.... Ibu nyuwun nga...ngapunten dhateng Bapak."

"Iya, Nduk Bapak legawa wis ngapura sadurungi ibumu njaluk!"

Pak Pur lan Widya reruketan rumangsa kelangan. Ana ing batin Pak Pur nyoba legawa kaya kang dikandhakake marang putrane. Nadyan atine abot. Kabeh amung saderma nglakoni lantaran jempol larang, separo nyawane ilang.***

KARTIKA, guru bahasa Jawa

Geguritan



ALBERTUS SARTONO

Bakal Kawuri

aku ngadeg ing galengan iki
kepengin ngungak sejarah kawuri
nalika melu Simbok ngangsag pari
nyangking tenggok nggawa liri
ing batin aku wis nduga
sedhela maneh galengan iki bakal musna
semono uga sawah lan tegalan
bakal gumanti tembok beton
dadi omah kos-kosan para putri
sing menyang kuliah numpak mobil mersi
lan mlebu kelas mbabar ganda wangi

aku ngadeg ing galengan iki
saperlu ngeling-eling gandane tanduran pari
menyak lendhut mendut kaya babut pramudani
Mbok, apa nate kaduga

(foto-fit)

menawa sawah lan tegalan iki bakal musna
dadi kamar-kamar sing sinewa
kanthi rega tikel tekuk tinimbang pari
Mbok, mbesuk aku lan putumu
ora bakal menangi maneh tanduran pari
jaman kaya ngono kuwi Mbok, bakal kawuri

Prasaja

Ora susah kepengin didaku negarawan
lamun pakaryane mung golek proyekan
ora susah mendem kajen kaeringan
lamun tumindake mung tansah lelamisan
ora susah kepengin dianggep wong suci
lamun simbol lan penganggone ora tekan ati
ora susah karem dikurmati, dipepundhi
lamun njejegake adil lan bebener wae ora wani
ora susah dhemen ngaku pinter
lamun kaweruhe mung sajerone legokan wudel
ora susah kepengin diakoni dadi wong sugih
lamun bandha donyane mung anggone nyilih
ora perlu ngupadi kuncara
lamun ndadak nyingkirake wong liya
ora perlu ndengagak adol lagak
lamun isih bisa krasa luwe lan ngelak
ora perlu mbengok nggetak-nggetak
niru watake buta-buta galak
solahe lunjak-lunjak, cikrak-cikrak
yen ta isih bisa kena lara watuk lan serak
aja seneng ngarani wong liya ala
lamun ora weruh marang slira
urip ing donya mung sawetara
ngapa ndadak adol lagak, ngangsa bandha
mburu kuncara, mendem pangalembana
apa isin laku urip prasaja ?

RR.WAHYU WIDAYATI

Pewayangan

Ing suwalike kelir putih
Sang dhalangsila linggih
Kasunaran cahya remeng alon
Asta loro mayangke paraga sarwa singlon
Salathine sumawur crita kebak pasemon
Kabeh manut dhawuhe aring-arih
kawicaksanaan tanpa pamrih.

Ing suwalike kelir
Sang dhalang lenggah sila
Kasunaran cahya wengi remeng
Netrane tajem nginjen saben pamirsa
Kairing gendhing lan kekesing maruta
Dhalang napisake lampah carita.
Ing suwalike kelir putih
Dhalang setya sila linggih.

Godean, April 2020

Aku Pingin Bali

Lakuku, mandheg simpang dalan
Kosong jiwa ing paran
Datan khusuk manembah
Kadohen laku kesasar iki
Aku kepingin bali
Aku kangen awakku kawuri

Godean, April 2020

NGATINAH

Ajiku Donga

Lungguh ndheprok ana pojok,
Sangu wadhah sigaran bathok
Ngenteni tumibane gogrogan kathok,
Aji-ajine donga sak theprok

Lungguh ana pojok keramaian,
Ngantu-antu welase Gusti
Kanthi laku lumahke asta donga,
Para sedulur kebak barokah
Lungguh ndeprok ana pojok,
Nyebut paring-paring ngobral donga
Tansah iklas legw ing asma,
Panjangka lir ing sambe kala.

Omah akeh gonta ganti,
Andum tresna kebak sensasi
Sapa kepingin ndang nyambangi,
Jer wis cocok kontribusi
Klambi abang rasukan biru,
Mripat sayang ati setuju
Uwis ngerti bakal rugi,
Dilakoni merga nyadhong rejeki.

SUNAWI

Rasa Ing Kalbu

Apa isih ana cuwilan ganda.
Kanggo umbul donga esuk Iki.
Sesekaran kenanga kanthil mlathi
Kang bisa nggugah wangi angresepi.

Asung puja puji seliramu.
Kinarya sarana jangkeping.
Nggantol tresna samudra rasa.
Angel dijajagi ciptane.

Kusumaning ayu dyah nami.
Sepira gegambaran kang ana.
Sajroning dina ngadina tuwuh panyaka brawa.
Saka dina iki uga.

Sakabehing tembung mugiya nglenggana.
Salah luput cecer cewet.
Tingkah laku kang nyebal tata.
Mugiya diparingi nugraha urip saya urup.

Mrisi, Tirtonirmolo, maret 2020

Dalan Iki Sepi

Ing tengah wengi
Datan ana gumlebeting pawongan.
Rasa kang sepa sepi sepen.
Angles angresepi sajroning liwat dalan iki.
Keprungu suwaraning jangkrik orong orong.
Datan keprungu peksi guwek kang angles.
Keprungu jago kluruk saka kadohan.
Ndhisiki nggugah sing padha turu.

Dalan iki sepi beda rikala semana.
Teng teplok kang dadi padhange.
Pikiranku nggugah rikala semana.
Nalika walandha karo tengnge liwat dalan iki
Rikala wengi datan wani.

Ndak jangkah nurut laku.
Ndak liwati kanthi nyawang kaendahane.
Langit katon indah nyengsemake.
Angin sumilir ing wengi iki.
Hawa seger rumesep bisa aweh segering angga.

Sepi wengi guna migunani.
Tumrape kang nggayuh panyuwunan.
Kanthi donga kang rumesep nala.
Uga kanthi mbudidaya nggayuh sinau.
Bisa rumesep ana ing pikir tumanjem.
Saengga bisa digawa tumeka sesuke.
Dalan sepi pikiran donga mbudidaya.
Bisa kanggo sarana nglancarake.

Mrisi, Maret 2020



(foto-fit)

TRIMA
Tri Marga Utama

SUPRIYADI

SINOM

Sekar sinom kang winarna
Udaling sastra sung peling
Piwulange pra sarjana
Rikala jaman kawuri
Ing sedya tur udani
Yeku tekad ameguru
Aywa oncat ing nala
Dimen tekan ngelmu jati
Istingarah kang kaangkah bisa absah

Trimarga ingkang utama
Utamane wong marsudi
Ngupadi urip kang mulya
Gulangen rina lan ratri
Aja samar lan wedi
Mekak hawa lawan nepsu
Tindakna laku trima
Tegese tri laku jawi
Jiwa jawa netepi laku satriya

Laku trima kang sepisan
Mamasuh malaning dhiri
Masuh saking laku dosa
Banyune tirta mahening
Iya banyu kang suci
Ngruwat pakartine diyu
Iya tirta pawitra
Nulad laku bima suci
Yen karohmat bisa tamat ngelmu hayat

Laku trima ingkang madya
Mangasah mingising budi
Lakune Raden Janaka
Iya Begawan Ciptaning
Nyawang pucuking hardi
Nepi ing ronging budyayu
Menthang risang gandhewa
Sedhakep neng maladi ning
Ngiket ngukut amrih sepuhing supana

Laku trima kang pungkasan
Mamayu hayuning sami
Lakune Bathara Kresna
Iya prabu Harimurti
Ratu lantip sarta adil
Mberat ngruwat sakeh satru
Tan ngendhak gunaning jalma
Hamemanis tyas sesami
Amarsudi mardikaning marta tama

Wus purna maknane wedha
Muga dadiya palupi
Tata cara laku trima
Haywa kongsi kintir
Ditata lawan dititi
Aja kesusu angaku
Marga kabeh mung saderma
Aja rumangsa duweni
Angurbaya nglenggana sakehe dosa

Ngayogyakarta , 23 Maret 2019

Supriyadi, S.Fil.
Kebosungu 2, RT 03, Desa Dlingo, Kec. Dlingo, Kab. Bantul.
HP 081393564673.
Anggota Paguyuban Sastrawan Jawa PARAMARTA Bantul.



(foto-fit)



Dongeng ꦢꦺꦴꦁꦒꦺꦁ

Kelinci Sing Mlarat

BUDI SARDJONO

ANA pingggire alas Kandhajaya urip kewan papat kang beda-beda jenise. Ana Mungki, munyuk lanang. Ana Bang Luwak, Denmas Regul lan Moci Kelinci. Arepa beda-beda nanging kewan papat mau urip rukun. Ora tau pepadon. Yen mung nyek-nyekan, biasa.

"Dadi kewan kok pakanane mung suket, enake ana ngendi. Kaya aku iki lho, saben dina mangan iwak kali," kandhane Denmas Regul saja nyindir Moci Kelinci. Sing disindhir ora nanduki. Tetep nggayemi suket teki sing ijo royo-royo.

"Yen aku saben dina mangan woh-wohan. Enak, seger. Awit ing alas kene tuwuh sakehing woh-wohan. Iki aku lagi wae bar mangan pelem karo jambu. Sesuk isa mangan gedhang karo sawo. Enak ta, ha..ha..," celathune Mungki karo buang isi jambu nibani awake Moci Kelinci.

Bang Luwak sajane isih ngantuk. Nanging bareng krungu gojekance kanca-kanca banjur nglilir. "Paling enak panganan sajagad kuwi woh kopi. Apa maneh sing wis

mateng. Wuihhhh, uenak tenan. Bener ora, Moci?" pitakone marang Moci Kelinci.

Moci Kelinci mung mesem. Ngrumangsani ora isa umuk kaya kanca-kancane mau.

"Doyan iwak lele ora, Ci?" pitakone Denmas Regul sajak ngece.

"Ora doyan," wangsulan Moci Kelinci.

"Menawa woh manggis doyan ora?" mBokmenawa emoh kalah, ngece Moci.

"Ora enak,!" wangsulane Moci

"Kabeh-kabeh kok ora enak. Woh kopi gelem ora?"

Moci Kelinci mung mesem.

Gojekan kaya ngono kui meh saben dina keprungu ing pinggir alas Kandhajaya. Kewan-kewan liyane menawa krungu banjur melu ngguyu. Nanging ora melu-melu ngenyek Moci Kelinci.

Ing sawijine dina ana Pangeran kang keblasuk mlebu ing pinggir alas Kandhajaya. Dheweke pisah saka romobongan kulawarga kraton kang lagi bebedhag ana ing alas. Amarga kesel, Pangeran kui banjur lungguh leyeh-leyeh ana ing ngisor wit jambu.

Mungki kaya adat saben lagi ngemil mangan jambu sing wis mateng. Ora pati-pati leren anggone mangan menawa wetenge durung kebak. Ewa semono isih nyimpen ana ing kemilan. Tangan lan sikile uga ora lali nyekeli woh jambu.

Nanging bareng meruhi ana Pangeran kang lagi leyeh-leyeh ana ngisor wit, mula Mungki banjur mudhun alon-alon. "Nyuwun pangapunten Gusti Pangeran, kula mboten mangertos menawi panjenengan lenggah wonten mriki," kandhane karo atur sembah. "Nami kula Mungki."

Mungki banjur menehi jambu telu cacahe kanggo pangeran kui. Ora let suwe Denmas Regul teka nyangking mujair karo nila. "Gusti Pangeran kersa ulam bakar?" pitakone ora nganggo wigah-wigih.

"Iya, gelem," wangsulane Pangeran kui.

"Mangke kula damel latu rumiyin. Amrih saged kangge mbakar ulam menika." Kandha mangkono Denmas Regul banjur golek kayu garing.

"Cocok banget. Dhahare iwak bakar, ngunjuke panas," pambengoke Bang Luwak saka kadohan. Dheweke ngerti menawa ana Pangeran keblasuk ing pinggir alas Kandhajaya.

Bareng geni wis murup, kepara malah mbulat-bulat, Moci Kelinci teka nyangking 10 sujen.

"Kowe arep ngapa Moci?" pitakone alus Pangeran kui.

"Nyuwun sewu pangapunten Gusti Pangeran. Saben dinten kula namung nedha suket. Mila mboten pantas menawi kula ngaturaken suket kagem Gusti Pangeran," wangsulan Moci Kelinci.

"Lha terus piye karepmu?"

"Menika kula mbeta 10 sujen. Mugi kersaa Gusti Pangeran damel sate kelinci. Daging badan kawula minangka kangge bahanipun. Sumangga Gusti Pangeran."

Kaya dijojoh tombak rasane ati Pangeran kui krungu tembunge Moci Kelinci. Moci Kelinci disaut banjur dikekep ing jajane. Moci Kelinci dielus-elus sirahe. "Kowe pancen mlarat, Moci. Duwemu mung suket. Nanging isi atimu kebak emas berlian sing ora isa dietung regane. Mula sesuk kowe bakal dakajak mlebu kraton," kandhane Pangeran kanthi rasa trenyuh.

Ora let suwe rombongan pambedhag kraton nemokake junjungane, ora liya Pangeran Setyawicaksana. Dheweke Putera Mahkota saka kraton Jamurdwipa kang kondhang apik lan luhur bebudene.

"Kowe sida melu aku menyang kraton ya Moci Kelinci," ature Pangeran Setyawicaksana.


"Kawula namung ndherek kersa dalem, Gusti Pangeran," wangsulan Moci Kelinci.

Bareng tekan kraton para puteri seneng banget weruh anane Moci Kelinci sing lucu lan ndemenakake. Prasasat para puteri kraton kepingin gendhong Moci Kelinci.***

BUDI SARDJONO, sastrawan lan wartawan

Sendhang Kasihan Rara Pembayun

Bambang Nugraha



SENDHANG Kasihan ing dhusun Kasihan, Desa Tamantirto, kecamatan Kasihan, Kabupaten Bantul, kurang luwih 7 kilometer saka punjere kutha Ngayogyakarta arah ngidul ngulon. Sendhang kasebut mujudake papan patilasan sing tau digunakake kanggo kungum dening Raden Ayu Pembayun (luwih dikenal kanthi sebutan Rara Pembayun) putra Panembahan Senopati ing Mataram. Nalika semana piyambake kadhawuhan nelukake Ki Ageng Mangir Wanabaya, sadurunge mlebu wewengkon Mangiran, papane Ki Ageng Mangir Wanabaya, Rara Pembayun mampir siram lan kungkum dhisik ing sawijining Sendhang, sing ing tembe banjur katelah Sendhang Kasihan.

Miturut crita sing dipercaya dening masarakat ing laladan kono, dumadadine Sendhang mau awit saka tuah tekene Sunan Kalijaga. Kacarita, jroning pangumbare, Sunan Kalijaga pungkasane tekan laladan Kasihan. Merga sayah, piyambake leren ing sawijining papan. Papan kasebut mujudake laladan kang cengkar. Sunan Kalijaga milang-miling golek banyu kanggo ngombe lan uga sesuci. Nanging piyambake ora nemokake anane sumber banyu.

Sunan ora sida leren, piyambake terus mlaku jroning upayane golek banyu kanggo sesuci mau. Ora let suwe piyambakne ketemu karo Mbok Randha Kasihan sing lagi nggawa kendhi isi banyu.

“Mbok, menapa kepareng kula nyuwun toya sing sampeyan bekta niku?” ujare Sunan Kalijaga marang Mbok Randha.

“Kangge napa?” pitakone Mbok Randha Kasihan.

“Kangge nelesi gurung kula sing kraos asat.”

Krungu wangsulane Sunan Kalijaga Mbok Randha ngulungake kendhi isi banyu sing digawa kuwi. Nanging olehe ngulungake karo mbesengut sajak ora lila. Merga banyu kuwi olehe golek pancen rekasa. Kudu mlaku adoh banget, awit papan sakiwa tengen kono pancen ora ana sumber banyu jalaran saking cengkare. Kanjeng Sunan Kalijaga mung mendel nyipati sikape Mbok Randha kuwi. Piyambake nglenggana marang rekasane Mbok Randha anggone golek banyu. Tuwuh rasa welas ing

atine Sunan Kalijaga. Piyambake banjur nancepake tekene. Nalika teken didudut, saka tilas teken mau dumadakan ana banyu bening kang muncrat banter banget. Muncrate saya banter lan deres. Suwe-suwe nyecembong, nggerong kaya dene sendhang. Merga sumber mau manggon ana ing Dhusun Kasihan, banjur katelah sendhang Kasihan.

Isih gegayutan karo Sendhang Kasihan sing banyune bening kinclong-kinclong iku, sendhang kasebut uga dipercaya nduweni daya pangasih, ana sing nyebut pengasihan. Bab mau ana sambung rapete karo Rara Pembayun, nalika kudu namur laku dadi ledhek, bot-bote mundhi dhawuh saka ramane (Panembahan Senopati) kanggo nelukake Ki Ageng Mangir Wanabaya , panguwasa tlatah Mangiran. Critane, Ki Ageng Mangir Wanabaya saka tlatah Manggiran kuwi dianggep klilip mungguhing Panembahan Senopati, panguwasa kerajaan Mataram. Nanging ora gampang kanggo ngalahake Ki Ageng Mangir, amarga dheweke kuwi sekti mandraguna lan nduweni pusaka piyandel aran tombak baru klinthing. Dening Ki Juru Mertani, Panembahan Senopati dikandhani manawa mung wanita sing bisa ngalahake Ki Ageng Mangir.

Sabanjure enggal digawe siasat, Rara Pembayun, putrine Panembahan Senopati dhewe kang kudu ngadhepi Ki Ageng Mangir. Cara sing paling gampang lan ora bakal dicriyani yaiku kanthi namur laku dadi ledhek, kanthi diampingi dening Nyai Adisara, kang ora liya ibune Pembayun dhewe. Para niyaga dijupukake saka wong-wong Mataram, dene sing dadi pengarepe yaiku Ki Juru Mertani dhewe. Sawise persiapan mateng, rombongan ledhek kuwi banjur budhal menyang Mangiran. Nanging sadurunge mlebu tlatah Mangiran rombongan ledhek saka Mataram kuwi leren dhisik ing dhusun Kasihan. Ing kono Rara Pembayun nemokake sawenehing sendhang. Piyambake banjur adus lan kungkum ing sendhang mau sadurunge nerusake laku.

Sawise mentas saka anggone kungkum, para pendhereke padha digawe cingak, amarga pasuryane Raden Ajeng Pembayun katon luwih mencorong. Dhasare wis ayu dadi tambah saya ayu. Ora ngira, nalika rombongan ledhek kuwi padha leren ing sakiwa tengen sendhang kono, pranyata meneng-meneng ana salah sawining prajurit Mangir kang ngonangi marang anane wanodya ayu sulistya kang pasuryane katon mencorong. Dheweke banjur lapor marang bendarane kang ora liya Ki Ageng Mangir.

Krungu laporane prajurit kuwi Ki Ageng Mangir dadi penasaran. piyambake banjur utusan nimbali rombongan ledhek kuwi kanggo marak, arep ditanggap ing pendhapa Mangiran. Enggaling crita, utusan saka Mangiran mau gage-gage nemoni Ki Juru Mertani minangka pangarepe rombongan.

“Aturna marang bendaramu, yen pamundhute wis taktampa. Mengko bengi aku sarombongan bakal sowan mrana,” ujare Ki Juru Mertani marang prajurit kang tinanggenah dadi utusan. Ing batin dheweke ngguyu lakak-lakak, pranyata ora angel nggiring Mangir mlebu wuwu kang sengaja dipasang.

Kocapa, bareng weruh ledhek Rara Kasihan alias Pembayun sing pasuryane katon mencorong kuwi sanalika Ki Ageng mangir langsung kepranan. Sawise rampung tanggapan ledhek ayu kuwi ditembung, arep didadekake garwa. Pembayun ora kabotan. Kepara malah kebeneran, merga pancen kuwi sing dadi tujuan. Nanging ing suwalike kabeh kuwi, Rara Kasihan alias Pembayun dhewe uga ana rasa tresna marang Ki Ageng Mangir sing kejaba sekti mandra guna pranyata rupane uga bagus

Sawise wis cukup suwe anggone mangun tembayatan, Rara Kasihan pungkasane ngaku manawa dheweke kuwi satenane Putri Pembayun, putri kedhaton Mataram. Ki Ageng Mangir banjur diajak sowan marang ramane, kang ora liya Panembahan Senopati.

Ki Ageng Mangir kaget. Nanging arep priye maneh. Piyambake uga wis kebacut tresna marang Pembayun....

Mangkono mula bukane Sendhang Kasihan sing dadi jujugan kanggo adus kungkum mligine tumrap para wanita. Tekan wektu iki banyune Sendhang Kasihan sasate ora tau asat senadyan mangsa ketiga dawa, isih dipercaya dening para warga manawa nduweni khasiat kanggo kesehatan lan pengasihan (bisa nuwuhake rasa asih).

Pancen saliyane banyu sendhang kang bening resik lan krasa anyep seger ing raga, menawa tindak menyang Sedang Kasihan bakal ngrasakake suwasana kang ayem tentrem. Merga sakiwa tengene sendhang isih kinupengan wit-wit gedhe, mligine wit gayam uga papringan sarta disedhiyani papan kanggo ngaso kayadene kursi lan klasa kanggo teturon.

Gandheng papan patilasan utawa lemah ing Sendhang Kasihan kurang luwih jembar 1.000 meter pesagi iki dadi duweke pribadui Yudaryanto pinangka warisan saka wong tuwane, mula kulawargane kang tanggung jawab ngupakara klebu ndandani menawa ana karusakan kana kene. Wragat kanggo kabeh kuwi antara liya sumbere saka donatur para tamu. Nanging nalika Sendhang Kasihan ketaman banjir gedhe taun 2009 nganti ngrubuhake salah sijine wit gayam kang umure wis atusan taun lan ngrusakake pagere sendhang, tau oleh pambiyantu saka Pemerintah Kabupaten Bantul lumantar proposal kang diaturke.

BAMBANG NUGROGO, sutresna Sastra Jawa
Ketua Sanggar Sastra Jawa Bantul.

Siti karo Slamet

5

Siti ora ngerti apa sebabe Slamet ora teka-teka. Dheweke mung ngenteni kanthi sabar. Nanging, sawise suwe banget, dheweke ora bisa nahan rasa penasarane. Dheweke banjur menyang omahe Slamet.

Sing ngancani Siti yaiku Sekar, kancane sing paling cedhak. Sekar ngerti yen Siti lagi ora kepenak atine, mula dheweke kepengin ngancani Siti menyang omahe Slamet. Sekar uga pengin ngerti apa sebabe Slamet ora teka-teka.

Ing dalan, Siti lan Sekar ora mandheg ngobrol. Siti nyritakake kabeh marang Sekar, wiwit saka Slamet ora teka-teka nganti dheweke bingung.


—Aku ora ngerti apa sebabe, Kar, kandhane Siti. Biasane dheweke ora tau kaya mangkene. Aku dadi kuwatir.....

—Sabar, Sit, kandhane Sekar. Mbok menawa dheweke lagi ana masalah.

Kapethik saking **Siti karo Slamet** *(1931) dening Mas Samoed Sastrawardaya. Wedalake J. B. Wolters Groningen- Batatvia*

Serat Jatiswara

Serat *Jatiswara* dadi salah sijine kaskayane budaya Jawa, mligine ing babagan sastra Jawa sing prelu disemak. Serat kasebut katulis, kira-kira ing jamane Sri Sultan Hamengku Buwana (HB) V. Katulis wiwit dina Selasa Kliwon, 3 Sawal, Dal 1775 utawa 14 September 1847. Rampung katulis ing dina Rebo Kliwon, 6 Rabingulawal, Wawu 1777 utawa 30 Januari 1849.




Miturur Jennifer Lindsay dkk ing bukune *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid 2 Kraton Yogyakarta* (1994), *Serat Jatiswara* iki ya sing dadi Koleksi Kraton Ngayogyakarta YKM W-45 beda tinimbang cakrik-cakrik liyane sing wus ana. Adhedhasar saka balungan crita Jatiswara sing asli, ing naskah YKM W-45 iki isine nggepok senggol karo naskah-naskah liyane, kayata karo *Serat Centhini* lan *Serat Serat Selarasa*. Naskah *Serat Jatiswara* punika migunaken ppuh Pangkur, Dhandhanggula, Mijil, Kinanthi, Durma, Asmaradana, Sinom, Megatruh, Girisa, Pocung. Dene gunggunge pada kawilang ana 18303. Dadi, *Serat Jatiswara* iki kalebu karya sastra sing dawa lan nengsemake critane, kebak pitutur sing akeh larase karo jaman samangke. Pathisarine crita, *Serat Jatiswara* nyaritakake lelakone sawenehing santri lan katemu karo sauntara wong-wong pilih tandhing utawa sekti mandraguna. Sajroning lelana njajah desa milangkori, dheweke uga sinau bab kawruh, filsafat lan Kejawen (mistik Islam).

Pangkur:

Sekar pangkur duk purwanya/ wit sinurat ing dinten Gara Kasih/ siyang wanci pukul satu/ tanggalira ping tiga/ wulan Sawal anuju Dal Taunipun/ lambang Lakir mongsa Kasa/ ing wuku Mondhasiyaning//

Yeksa Wiku Sabda Jalma/ sengkalanya dening wulan Welandi/ September ing tanggalipun/ pan kaping kawan welas/ taun sewu wolung atus patang puluh/ papitu ingkang lumampah/ angka Merta tigang biting//



Kawandasa sanga ingkang/ winurcrita yasa dalem nerpati/ Sultan Mangkubuwaneku/ Senapati Ngalaga/ Ngabdurahman Sayidina Sang Aprabu/ Pernata Agama Islam/ Kalipahira Ywang Widi//

Saha Kumendur sing Bintang/ Leyo ing Nederlan Nagri Welandi/ ingkang ngrenggani kedhatun/ Negri Ngayogyakarta/ Hadiningrat Prajagung/ manedhak mila ingkang/ nenggih Jatiswara raning//

Kuneng wau Ki Panurat/ sira lawan hiya kang rayi singgih/ Ni Malaresmi ranipun/ wonten ing Ardi Pala/ angentosi ing luware putranipun/ wonten malih kocapa/ putranira Sribupati//

Palembang negarinira/ ingkang nama Jatiswara apekik/ bagus anom dhasaripun/ trah ratu ing Cempa/ putranira Ayu Duta Samadikun/ putranya ji dur nalika/ buyute Jatiswareki//

Jatiswara ing kuna/ darbe buyut Jatiswara nameki/ Bagus Mara namenipun/ pan kesah lelana/ anerpati datan wonten ingkang ketung/ pan sangking sangeting lampah/ keplandhangan jalma luwih//

Ya ta Raden Bagus Mara/ marganipun alelana anderpati/ langkung sakit galihipun/ wadol lan impenira/ katikelan ing galih atemah lampus/ ing dalu umangkat kesah/ kang raka nora udani//

(dpp)



Thinthingan

"Paseksene Crita Cekak Jawa Marang Ajuning Jaman"

Antologi utawa kembang setaman *Lintang Ing Langit* Madinah anggitane Nono Warnono iki dumadi saka 23 irah-irahan crita cekak. Maneka warna prakara sing dirembug dening si pengarang kanthi cara sing wus mumpuni. Tegese mumpuni ora liya si pengarang pancen wus suwe anggone lelumban ing jagading basa Jawa kanggo nulis sastra Jawa saengga ngerti kudu kepriye nalika nganggit cerkak. Kejaba kuwi, si pengarang daksebut

Judhul
Lintang ing Langit Madinah

Pengarang
Nono Warnono

Penerbit
Pamarsudi Sastra Bojonegoro-Buana Grafika

Kaca
189+ Purwaka+Pangiring+Isine Crita 10

Taun
2019, September

ISBN
978-623-7358-12-1

mumpuni ora liya tlesih, pinter, lan tliti nalika golek underane crita (tema) kanggo sawijining crita cekak.

Amarga si pengarang baud rong prekara sing wus dakandharake mau, mula crita-crita cekak ing antologi iki racake muyeg lan kebak rasa sing nabet ing ati (kanggo olah jiwa). Sastra Jawa gagrak anyar sing asring dianggep (sacara stereotipe) minangka sastrane kawula cilik lan racake crita bab kahanane rakyat ing padesan, ing imajinasine Nono Warnono sastra Jawa iku bisa dadi crita sing modheren kaya sing kacihna ing crita-crita cekak ing antologi iki. Disebut crita sing modheren (lan pengarang sastra Jawa liyane satemene uga wus sauntara sing nyerat) jalaran si pengarang ya Mas Nono Warnono eling menawa ing jaman sing global prakara basa iku wus ora dadi reridhu (--sing pokok) tumrape kagunan (karya seni), embuh iku sastra apa dene film. Luwih-luwih saiki wus saya mratah anane kecerdasan buatan *(Artificial intelligent/ AI)* kaya, upamane, mesin/software penerjemah ing komputer, prakara basa sauntara bisa dirampungake. Cethane, nulis nganggo basa "apa bae" ora prelu wedi kangelan dimangerteni liyan amarga wus ana pirantine sing murakabi. Mula jeneneng ora mokal saiki akeh film-film ora kudu nganggo basa tartamtu bae (Inggris, yen global utawa Indonesia, yen kanggone nasional) nanging uga basa-basa dhaerah, kalebu basa Jawa. Cekake, basa Jawa lumantar antologi iki bisa luwes lan ora wagu kanggo sarana mbabar imajinasine pengarang, upamane ing crikak "Mendhung ing Langit Manhattan". Crikak ing nyatikake prakara terorisme ing salah sawijining kutha ing Amerika Serikat, Manhattan. Pinter anggone nuturake tibake crikak basa Jawa kuwi apik. Kaya crikak iki.

Crikak Jawa ing kene dadi sawijining pituduh yen jaman kuwi owah-gingsir. Sanajan ajune teknologi ugi nyata ing madyaning masarakat, ananging iku ora ateges banjur wigatine "kelokakan" dilalekake dening si pengarang antologi iku, upamane kaya ing crikak "Senik Japamantra". Sing dicritakake kuwi "mung" paraga lugu jeneng Mbah Suliyem, randha tuwa, bakul beras cilik-cilikan ing prasar tradhisional, kalebu ewone wong sing "katone sekeng". Ananging, ing suwalike kabeh sing sarwa prasaja mau satemene aweh pralampita menawa urip iku bakal nemoni katentreman amarga saka "katresnan" sing sejati. Katresnan sing sejati iku digambarake lumantar 'senik' duweke Mbah Suliyem. Ing suwalike senik sing prasaja sinengker sejarah urip lan katresnane bojone sing ora bisa dibuwang ing sawiyah-wiyah. Katresnan sejati kuwi digawa mati, jalaran katresnan sejati kuwi sing ngentasake Mbah Suliyem ana katentraman sejati. Senik kobong ateges katresnane dicandhet lan iku dadi lantarane Mbah Suliyem kapundhut, dudu merga rajahe. Senik kuwi tandha katresnan sing sinandhi. Kejaba kuwi, pengarang uga kepengin ndunungake yen bab "kenalaran" kuwi penting banget ing jaman saiki, ora mung anut grubyug manut marang sing ora cetha kaya ing crikak "Bisnis Ing Alam Ghaib".

Balik menyang mula bukane, crita cekak basa Jawa sing ngangkat bab prakara kelokakan uga katon saya becike, kayata ing crikak "Desember Pungkasan". Tema toleransi, ngajeni sapadha-padhane manungsa sanajan beda suku, agama, lan ras wus uga akeh katulis, nanging crikak tulisan Nono Warnono nyoba nggarap nganggo cara sing beda lan bisa uga arang banget sing bisa dimanoni. Aida, sing uripe ketula-tula bisa lantarane pengarang nuduhake anane "bebedan" ing antarane warga masarakat ananging "bebedan" ora banjur ditegesi minangka sawijining "kesalahan" (malah dosa). Ing kene, lumantar kekuwatan narasi critane, si pengarang bisa nggambarake "permenungan" bab sejatine manungsa sing satemene ora ana sing padha. Sanajan ora padha ora ateges banjur manungsa banjur padha cecongkrahan.

Racake crita-crita cekak sing dipacak ing sekar setaman iki wus nate kapacak ing hudyana basa Jawa sauntara taun kepungkur. Iki uga aweh pituduh menawa si pengarang kuwi kalebu pengarang sing wus suwe lelangen ing sastra Jawa. Pengarang iki, kalebu pengarang sing kuwat ing babagan teknik penulisan narasi crita. Iki penting dakarurake ing kene, jalaran saiki akeh pengarang (anyaran) sing "sekeng" banget ing bab iki (narasi), anggone nulis--pengarang anyaran--mung ngendelake "dhialog" utawa antawacana. Saka wiwitane crita, anggone nulis wis kawiwitan saka dhialog, lan narasi mung dadi sapletik kembang reroncen. Iku ateges, yen pengarang sing kaya ngono mau "lali" marang sejatine genre crikak kuwi dudu genre naskah panggung (sandiwara/teater). Naskah panggung isine dhialog lan narasi/keterangan anggone maragakake lan properti, nanging naskah fiksi (crikak) kuwi "mujudake" jagad sawutuhe lumantar struktur crita sing muyeg. Mula, salah sijine kekuwatane fiksi kuwi ana ing narasi jalaran narasi kuwi bisa nuduhake tekan ngendi jero lan bawerane pengarang anggone nyemak, njingglengi, lan metani sawenehing prakara sarana daya abstraksine. Nono Warnono ngatonake kabisane ing babagan narasi. Mula, racake crikak-crikake ing antologi iki kalebu nyenengake lan muyeg. Samono kaya ing crikak-crikak liyane: "Kothak Amal", "Omah Loteng", "Youtuber Keblinger", "Langgam Panguripan", "Kembang Tulip Saka North Sea", "Tresna Kalimput Pedhut", "9. Lintang Ing Langit Madinah", "Langit Tanpa Kluwung", "Kartu Merah", "Kabuncang Pengangen", "Kesandhung Viral", "Kobongan", "Kegedhen Empyak Kurang Cagak", "Nagih Janji", "Tambuh Omah Hotel", "Sarampunge Festival", "Tangga Anyar", "Kasrimpung Panggung", lan "Nalika Mulih". Laire antologi iki minangka paseksen marang urip sing kudu jujur lan wani ngakoni kanyatan ing madyaning sastra Jawa. (Dpp)

Gaya Yogya, Katon ing Wayang

WAYANG mujudae budaya adiluhung warisan saka mangsa kawuri sing kita duweni lan wis diakoni dening bebadhan donya (UNESCO) minangka warisan tak benda sing bisa nginspirasi kemanusiaan. Wayang nduweni sejarah dawa nganti wujude bisa kaya saiki. Tansah ngalami "owah-owahan" nut ilining jaman tumuju wujud utawa cakrik sing luwih apik lan "sampurna".

Wayang uga minangka lambang panguripan manungsa jroning nindakake laku uripe. Jroning pagelaran wayang kulit purwa ora ana paraga kang sampurna, senajan paraga kasebut kalebu paraga sing utama. Kabeh nduweni cacat. Bab iki nuduhake kawinatesaning titah sing beda karo Kang Anyipta. Liwat wayang, kita bisa sinau mahami donyaning manungsa kang klawu, sing ing njerone tansah dumadi perang tandhing antarane pepenginan apik lan ala ing sadawaning sejarah uripe.

Wayang kulit, babagan corek gagrak, bentuk wujude, tatah lan sunggingane, katone padha wae. Nanging, yen satiti ing pandulu, wayang kulit meneka warna cengkok gagrak bentuk wujude. Gaya wayang, nedahake ciri wanci budaya para kang padha yasa. Kepara, malah ora winates ciri wilayah budayane, nanging nganti ciri kang gawe gambar, natah, lan nyungginge. Wilayah budaya Yogyakarta, uga duwe gagrak wayang kang ora padha kalawan gagrak saka liya papan. Buku ini suka katerangan saya cetha lan gumathok wujud wayang gagrak Yogyakarta.

Wayang kulit gaya Yogyakarta nduweni tus utawa ciri khas kang beda karo dhaerah-dhaerah liyane. Bab mau bisa katitik saka wujud bleger utawa gegambaran liyane kang mbedakake wayang kulit gaya Yogyakarta karo wayang kulit saka dhaerah-dhaerah liyane. Ing antarane, modhele sikil rada jinjit, dadi kesane kaya obah, mligine kanggo wayang jangkahan utawa gagahan, sikil mburi digambarake dlamakane digawe miring utawa jinjit. Dadi kesane dinamis. Dene kanggo wayang putren, nggambarake ringgit tancep (ora obah), bab mau ditandhani kanthi wironan nyamping sing posisine tetep ana ngarep. Ciri-ciri liyane, modhel awak luwih lemu (mbunteg), tangan luwih dawa lan liya-liyane nganti tekan peprincen kang luwih njlimet. Wiwit saka modhel mripat, irung, cangkem tumekaning irah-irahan.

Buku Wayang Kulit Gaya Yogyakarta mawa gambar lan crita sing diterbitae dening Kundha Kabudayan Yogyakarta migunani banget kanggo nambah seserepan lan ajang sinau tumrap para sing durung ngenal wayang. Saliyane kuwi uga akeh babagan sinandhi ngenani wayang sing bisa kita temokake ing buku iki. **(din)**




(foto-fit)

WAYANG KULIT GAYA YOGYAKARTA,

Bentuk dan Ceriteranya
Dinas Kebudayaan DIY, 2019
Dr. Sunarto, M.Hum
Gambar: Sagio
Pengantar: Prija Mustiko

BEGAWAN CIPTANING

cergam Mulyantara



BEGAWAN CIPTANING IKU PEPARABE RADEN ARJUNA (JANAKA) NALIKA MRATAPA ING GUWA MINTARAGA ING GUNUNG INDRAKILA.

TUJUANE TAPA, NGGAYUH KADIGDAYAN LAN TUMURUNE PUSAKA KADEWATAN. KANGGO NGADHEPI BAKAL TUMAPAKE PERANG BHARATAYUDA.

SAKEHING PANGGIRIGODHANE JIM SETAN BISA DIATASI. SING PALING ABOT IKU GODHANE WIDADARI PITU UTUSANE BATHARA INDRA. MANGKA AYU KABEH.

WIDADARI PITU MAU SESILIHE: DEWI SUPRABA, DEWI WILUTAMA, DEWI WARSIKI, DEWI GAGARMAYANG, DEWI IRIM-IRIM (LENGLENG MULAT), DEWI SURENDRA, DEWI TUNJUNGBIRU.

NYATA SANG TAPA SANTOSA BUDINE. ORA KENGGUH ING PANGGIRIGODHA. MALAH PARA WIDADARINE KANG NULI PADHA KASMARAN.

WASANANE BEGAWAN CIPTANING ANTUK PUSAKA KADEWATAN, PEPARINGE BATHARA GURU. WUJUDE PANAH KANG BEDHORE (PUCUK PANAH) WULAN TUMANGGAL.





Joget Ringgit, semune titi kalaning jaman.
(foto-fit)

ISSN 2085-2673